

**IDE POU KREYE
YON *HIGH SCHOOL AYISYEN PRIVE*
NAN BOSTON**

(Ideas to found a private Haitian High School in Boston)

© by Emmanuel W. Védrine
revised ed. 2004
first published in 1994.
E. W. Védrine Creole Project, Inc.

In memoriam
Tony Jean-Jacques (1960-2001)
educator and poet

INTRODUCTION

«Ideas to found a private Haitian High School in Boston» is a debate between Dr. Morel Berthold, Emmanuel W. Védrine and Tony Jean-Jacques on the issue to found *a private Haitian High School in Boston, the problems of Haitian students in American schools, and the value of education in Haitian society with an emphasis on bilingualism and bilingual education*. All three of us have lived in the Haitian community of Boston for a long time. Following our observations in the community, as well as all of our experience in the American society and schools, we see that it is important for everyone in the community to work together. To succeed, we must be educated. And we Haitians who care about

the community and the growing generation, we see that the last chance left for us, to liberate ourselves and other Haitians, is “education.” We are often told that education is free, that everyone has a right to have an education. Great word! We Haitians from Haiti, who have lived the reality of our country, we are used to beautiful words, beautiful phrases, and deceptive speech in French. But what interests us the most is action and practice. So, we don’t look at theory only. Who has really received a real education: rich or poor people? I leave the answers to the readers. When we recognize that 85% of the people cannot read and write, we cannot say that education is free for everyone, everywhere. And this applies especially to these innocent people who have landed here in this country, and who work very hard, days and nights, in factories. Even if they didn’t have access to education at home, at least their children who are here, the growing generation here should receive an adequate education the same way many other ethnic groups who live in this country do. We can observe the problems of young Haitians in school here: many are like wild goats in a prairie, without owners, without guides. We see that it’s time to think about them, to think of creating something for them, to think of their future so that they can avoid spending the rest of their lives in jail. As we consider their performance in school and their isolation as an ethnic group, we believe that it’s important for

the whole community to work together to think of their future, because tomorrow, they are the ones who will replace us, they are the ones who will represent the community. It is with this purpose that the three of us gathered on April 17, 1994, at Harvard University, for a first debate on the education of young Haitians in the community. The proverb says: *Nou pa gen lajan, men nou gen jan* (We don't have money, but we have good humor). It's true that we don't have money to try to do all that is possible in the community, but we think that it is important to write these ideas down on paper, as a way to facilitate communication with the community and to see how these ideas might become a reality. “Men anpil, chay pa lou” (Many hands make the burden light). E. W. Védrine

E. W. VÉDRINE: Jean-Jacques, nou konnen ou enterese anpil nan mouvman edikasyon an, pa ekzanz espesyalman nan kominate ayisyen an pou ta pote yon amelyorasyon nan pwoblèm lan; èske ou kapab fè yon ti pale sou nesesite sa a, pa ekzanz, kisa ou wè nou ta bezwen pou kreye yon *high school* (lekòl nivo segondè) pou ti Ayisyen nan kominate a?

T. JEAN-JACQUES: Bon, daprè mwen menm, mwen wè se yon bagay ki esansyèl pou Ayisyen pou yo kapab genyen yon lekòl non sèlman kote elèv yo kapab aprann de lang, de kilti ayisyen anplis pou kapab pèmèt yo tou pou fè yon tranzisyon pou yo kapab antre nan sosyete amerikèn nan, sa se yon bagay vital ke 1 ye nan gwoup ayisyen sa yo k ap viv nan *Massachusetts* paske nou konnen nan *Massachusetts* gen yon kominite ayisyen e kominate sa a li gen anpil Ayisyen ladan li. Se yon fòs vibran ke 1 ye, men kisa nou kapab fè pou nou kapab ede jèn Ayisyen sa yo k ap leve nan peyi a? Èske reyèlman peyi a pèmèt Ayisyen yo pou devlope entelektyèlman e ekonomikman palan? Sa gen anpil pwoblèm ladan. Men, mwen kapab di te gen anpil lòt gwoup etnik ki te devlope, ki te leve nan Boston epi nou kapab di nou kapab chèche pou wè kisa gwoup sa yo te fè. Gwoup sa yo te eseye chèche kreye lekòl pa yo pou antre oubyen pèse nan sosyete amerikèn nan. Alò, mwen wè 1 esansyèl pou Ayisyen kapab eseye fonde yon lekòl. Bi esansyèl lekòl sa a se pou ta bay tout jèn Ayisyen yon edikasyon.

E. W. VÉDRINE: Bon, mèsi. Kounyeya, m pral sou Berthold ki se yon jèn syantis ayisyen. M ap mande Berthold apre tout etid li, tout bêt li fin pran pa ekzanp nan lekòl kòm chimis, li diplome tou nan syans konpitè, li etidye filozofi tou. Berthold, ki ide ou a kapab bay pou kreyasyon yon *high school* pou Ayisyen an tèm de

«syans»? Kisa ou wè ki posib ki te kapab fèt pa ekzanz pou ede non sèlman ti Ayisyen ki fèt nan peyi a men sa ki soti an(n) Ayiti pa ekzanz pou ta ba yo yon oryantasyon sou syans?

M. BERTHOLD: Wi, se yon trè bèle kesyon, tankou Jean-Jacques sot pale a, mwen trè dakò ak misye sou sa l sot di yo. Mwen menm patikilyèman, mwen santi mwen gen yon responsabilite pou non sèlman patisipe nan tout antrepriz ki te ka abouti a yon *high school*, men m santi tou yon responsabilite pou m pase konesans sa m aprann oubyen sa nou aprann bay lòt moun yo. E jan nou kapab pase 1, se pase 1 nan sans pa nou, nan sans nou konprann ke timoun yo ta ka byen aprann. Pa ekzanz, nan lekòl ameriken ki genyen yo, se pa ke lekòl yo pa bon paske tout moun ale nan *high school* jan lekòl yo fèt la. Mwen menm pèsonèlman, mwen fè etid pa m an(n) Ayiti, mwen twouve gen yon bagay ki manke, gen yon bagay ki esansyèl pou mete nan tèt timoun nan. Si pa ekzanz, la a, nou menm ki fè tout efò sa yo nou antre nan lekòl ameriken, sa n aprann, nou fè konparezon an. Nou konpare etid nou fè an(n) Ayiti avèk isit. Nou fè yon sentèz, nou vin soti avèk pi bon bagay yo. Sa vle di ke si n te kapab jwenn yon chans, nou te ka jwenn moun ki mete tèt ansanm ak nou pou fè timoun sa yo, bon, se nou menm menm, nou pral voye timoun yo nan invèsite pou yo loreya paske lontan, granpapa m, oswa tonton m yo konn ap di m: «lè Ayisyen

kite Ayiti, se loreya yo loreya epi yo tounen nan peyi yo». Ou konn sa m vle di ou? Enben, se menm bagay la ke n dwe fè. Men, kounyeaya, akoz difikilte ekonomik yo, gen anpil paran ki kite Ayiti, fò yo travay di, yo fè 2 dyòb pou ede timoun nan, yon jan, yo vin manke siveyans. Men nou menm ki te gen chans pou n te ale, nou pèdi tan pou n fè bagay yo, nou vin wè ke 1 lè pou tout entelektyèl ayisyen met tèt ansanm pou kreye yon bagay, ki *high school* la menm pou n parèt pran timoun yo, pou n fòme yo epi pou n prepare yo pou vin doktè, enjenyè, avoka... menm jan y ap pale de yon sèten gwoup etnik ki gen lespri, se menm jan an pou yo di Ayisyen, nèg sa yo nou pa konn kote yo soti. Se ekzanp sa a n dwe trase.

E. W. VÉDRINE: Mwen remake Jean-Jacques vle fè yon kòmantè sou sa Berthold sot di a. Donk, m ap pase sou Jean-Jacques pou wè sa 1 gen nan tèt li sou menm ide kreyasyon *high school* la.

T. JEAN-JACQUES: Pou m kapab adisyone sou sa Berthold sot di a, mwen wè enpòtans pwofesyonèl Ayisyen ki te resevwa yon edikasyon an(n) Ayiti epi ki vin pwolonje etid yo nan peyi etranje, sa ki pase, sentèz sa a pwofesyonèl Ayisyen sa yo fè a, sèke yo pran tout bagay yo te aprann lakay yo: bagay kiltirèl, e edikatif tou, yo mete yo ansanm epi yo etidye nan yon sistèm ki toutafè etranje

a nou menm, yo vin leve nivo entelektyèl pa yo e sèlman sa yo leve tèt pa yo tou. Mwen panse timoun Ayisyen yo ki fèt isi, oubyen ki vin isi, yo bezwen genyen modèl sa yo, nèg ki danble sa yo devan yo, bon pwofesyonèl ayisyen ki danble e ki vle mete tout konesans yo pou ede timoun yo. E lè m gade, mwen remake pwofesyonèl sa yo ki vini avèk konesans sa yo, timoun nan menm lè 1 gade, li aprann de pwofesyonèl sa yo, li wè non sèlman li aprann syans, kilti e tout bagay nan men pwofesyonèl sa yo, li fè kontak avèk li paske lè 1 ap aprann nan mitan pwofesyonèl ayisyen, li vin aprann ke 1 pa sipoze wont kilti 1. Se yon atou 1 ye, se yon plis li ye pou li pou 1 aprann epi pou 1 konnen kilti 1 fen e byen.

E. W. VÉDRINE: Bon, mèsi Jean-Jacques. Kounyeya, lòt kesyon mwen gen pou ou se yon kesyon ki an rapò avèk «korikilòm». Nou konnen kòman korikilòm nan enpòtan pa ekzant nan lekòl isi e sa nou kapab remake pafwa nou menm edikatè, se yon sòt fleksiblite ki prezante nan korikilòm ameriken an ki pa tèlman nan avantay anpil ti Ayisyen espesyalman si yo gen lide antre nan inivèsite oubyen nan kolèj. Nou wè yo manke yon sòt preparasyon. Donk, ou menm ki edikatè, ki okouran pwoblèm sa a, èske ou kapab fè yon diskite sou sa?

T. JEAN-JACQUES: Bon, konsèman preparasyon timoun yo resevwa isi, nòmalman, mwen gen dwa di pou timoun ayisyen yo dilèm nan prezante pi drastik; li pi di. Paske, premyèman, timoun nan gen pou l fè fas avèk «peer pressure» (presyon lòt kanmarad), kòmsi lòt timoun ki genyen nan lòt kominate ki ka Ameriken, lòt gwoup etnik k ap pase ti Ayisyen nan betiz, epi Ayisyen an tou, premyèman, li sipoze konn lang anglè a, li aprann li. Dezyèmman, li sipoze jwenn pwofesè ki devwa a li menm ki pou fè l avanse. Men pwoblèm ki remake, sèke lekòl yo gen pwofesyonèl ameriken ki pa toutafè devwe pou pouse timoun yo. Pa ekzanp, si se nan *high school* li ye, epi sistèm nan mande pa ekzanp pou timoun nan rive nan «aljèb I» oubyen «II», kou l fin rive nan «aljèb I», bon, li pa kontinye avèk timoun nan kwake timoun nan ta renmen kontinye. Men, si timoun sa yo ta gen pwofesyonèl ayisyen ki konnen bi yo nan edikasyon, ki konnen plis yo avanse ak timoun nan, plis yo bay timoun nan yon baz ki solid, se plis chans timoun sa a genyen pou l gen siksè nan inivèsite. Mwen panse travay sa a, se pwofesyonèl ayisyen ki konsyan de li, de sa y ap enjekte nan timoun nan pou fè l genyen yon sòt *foug* pou l aprann non sèlman syans, men tou pou l kenbe kilti l, pou l wè se yon fòs vibran li ye ke sa p ap desann li. Plis li konnen de kilti l, plis li konnen se Ayisyen li ye, se plis sa yo vin ede pou li fè yon tranzisyon pou l kapab antre nan sosyete ameriken an epi pou l wè kijan li kapab

ede paran 1 ki pase mizè nan travay nan faktori, pou 1 wè ke dwa moun sa yo ke yo vyole a, tout bagay sa yo kijan pou 1 fè lè 1 ale lekòl de dwa, pou 1 antre nan medsin, pou 1 etidye tout bagay. E m panse pwofesyonèl sa yo kapab ede timoun yo fè tranzisyon sa a.

E. W. VÉDRINE: Bon, pou kontinye sou menm kesyon *korikilòm* nan, sou menm kesyon fleksiblite a, donk m ap mande ou menm Jean-Jacques, si tout fwa ta vin rive gen yon *high school* oubyen si tout fwa Ayisyen yo ta ka mete ansanm pou kreye yon *high school*, pou bay ti Ayisyen aksè pa ekzanp, kisa ou ta kapab ofri oubyen kisa ou wè ki enpòtan pou ta kapab genyen yon bon korikilòm solid nan pwogram ayisyen an ki ta bay timoun yo yon sòt preparasyon avan yo antre nan kolèj oubyen inivèsite?

T. JEAN-JACQUES: Bon, si nou kreye, nou rankontre avèk kèk pwofesyonèl, nou chwazi pwofesyonèl ayisyen ki kalifye pou nou kreye *high school* la epi nou genyen *high school* sa a sou pye, nan ki bi tout bagay ta ka mache? Nan mach m ta kapab di *pou fè* bagay yo mache, premyèman, nou sipoze gen moun ki kalifye nan chak branch. Pa ekzanp, nan *lang etranje*, nan *syans*, nan *matematik*, nou chwazi pwofesyonèl ayisyen ki konpetan, ki kalifye e non sèlman nan sijè sa yo, men nan *lwazi, espò*, nou sipoze gen moun konpetan ki pou ede nou.

E. W. VÉDRINE: Bon, ou pale de *kalifikasyon pwofesè* yo. Konpetans yo; donk aktyèlman lè n ap gade pwogram ayisyen yo, nou remake gen yon sètan absans konpetans oubyen tou pa ekzanp, nou kapab diskite plis sou kalifikasyon pwofesè yo. Kisa ou ta kapab preskri si tout fwa ta vin gen kreyasyon yon lekòl konsa pou amelyore pwoblèm sa a? Èske ou panse 1 enpòtan pou pwofesè ayisyen yo konnen kilti amerikèn nan? Donk, pou pran yon seri bagay tou nan kilti amerikèn nan, pou prepare yo, ba yo yon sòt kalifikasyon. Donk, ou pale de pwofesè ki nesesè pou anseye lang etranje, syans avèk matematik. Kòman yo kapab jwenn kalifikasyon sa a?

T. JEAN-JACQUES: Bon, mwen kwè gen Ayisyen ki resevwa yon fòmasyon nan inivèsite Ozetazini, men mwen wè fòmasyon an, non sèlman Ayisyen sipoze gen fòmasyon inivèsitè a, li sipoze konnen kilti amerikèn nan tou paske pou kapab ede timoun yo fè tranzisyon an; ou menm tou, ou sipoze konsyan de sa k ap pase nan sosyete a. Pa ekzanp, Ayisyen an sipoze konnen kijan pou 1 itilize oubyen manipile yon laboratwa si 1 ap anseye syans, pou 1 konnen tout zouti nan laboratwa a, pou 1 konnen kijan pou itilize yo e kijan yo fè yo, kijan yo itilize yo nan laboratwa Ozetazini. E non sèlman sa, li sipoze konn kijan yo itilize yon bibliyotèk. Tout bagay sa yo,

se pou l montre timoun nan kòman yo fè rechèch, yo tout enpòtan, yo esansyèl pou pwòp devlopman timoun nan. E anplis tou, mwen konnen non sèlman gen Ayisyen ki konpetan k ap fè yon travay, men Ayisyen pwofesyonèl yo sipoze konnen kilti amerikèn nan paske li enpòtan pou kapab fè timoun nan si de li menm, pou l kapab pèse nan kilti amerikèn nan.

E. W. VÉDRINE: M ap vire sou Berthold kounyeya, Berthold gen yon dòz syans lakay li, donk an tèm de *korikilòm*, n ap pale de korikilòm kounyeya e nou konnen syans lan reyèlman enpòtan e ki sijesyon ou ta bay, kòman pou anseye syans lan pou ti Ayisyen yo paske se youn nan bagay ki fè yo efreye anpil sitou si yo ta gen ide pou espesyalize yo nan yon branch syantifik nan kolèj oubyen inivèsite; donk, pafwa yo konn gen pèrè sa a lakay yo paske yo remake yo kapab genyen yon mank de preparasyon. Donk, ki ide ou ta kapab bay an tèm *korikilòm* ki nesesè pou ta anseye nan kreyasyon *high school* sa a?

M. BERTHOLD: Nan kreyasyon *high school* sa a, o pwendevi syans, mwen panse ou ka bay timoun nan baz *matematik, fizik, chimi*, tout sa ki esansyèl pou l fòme yon kò syantifik. Pwoblèm ki pi enpòtan ke anpil moun pa konprann nan *high school*, menm nan inivèsite lè yon Ayisyen, kèlkeswa lòt elèv la, lè pwofesè a parèt, li

fè yon espoze, li ba ou yon ide rapid; li sijere yon sèten bagay epi ou ale, ou konprann yon ti bagay ladan 1. Lè yo ba ou tès la, ou pase 1, ou fè yon pwen epi ou pase. Men, sa pa di ke ou aprann anyen nan syans. Pa ekzanp, lè ou gade yon seri syantis tankou Einstein e tandòt, tout moun sa yo se yon seri moun ki non sèlman te al lekòl men apre lekòl yo gen pwofesè ki rete ansanm avèk yo pou montre yo kisa bagay la vle di. Lè m parèt mwen di ou konsa: $a + b^2$ («a» plis «b» o kare) egal sesi, sela, sa pa vle di anyen pou ou. Ou gen dwa parèt ou repete 1 tankou yon jako men lè m rete m parèt mwen di ou men «a», men «+b», men kisa 1 ye, men kote 1 soti, men kijan ou ka aplike 1 men sa ou ka fè avè 1, timoun nan kounyeya gentan aprann yon pakèt bagay. Li gentan wè enterè 1 nan sa paske lè ou gade matematik pa ekzanp depi ou parèt, ou di «a, mwen pa nan matematik, li twò difisil». S ak fè 1 difisil? E se yon bagay fasil li ye paske chak jou, timoun nan ap fè matematik. Pale n ap pale la a, tout sa n ap fè, tout se operasyon matematik, matematik mantal yo ye. Ke ou vle 1 ou pa, chak jou ou fè matematik. Men, sa ki manke, se plis yon korikilòm men se pa pwofesè; manke yon seri moun ki dedye, ki devlope yon seri teknik pou enjekte bagay la nan sèvo timoun nan epi pou fè 1 wè enpòtans li. Men, depi ou gen yon asosiyasyon, ou pa di timoun lan pral nan yon branch; nou menm si nou ta kreye yon *high school*, bi pou *high school* la ta genyen an, fò 1 ta ka fòme timoun nan pou 1

gen yon fòmasyon entelektyèl ki ekilibre. Se pa pou di w ap fè timoun nan yon medyòk, kòmsi 1 parèt, li di ou se anglè sèlman li fè, se anglè sèlman 1 konnen men, nou wè yon *High School Ayisyen*. Sa k fè n rele 1 «Ayisyen», sèke nou gen yon «gou ayisyen», nou te ka mete andedan timoun nan pou lè 1 parèt nan yon invèsite pou 1 kanpe ak tèt li dwat paske gen yon pwoblèm ki enpòtan ki lakoz timoun nan yon jan mal alèz pou kilti li. Se pa paske kilti a pa gen anyen pou ofri 1 men se paske timoun nan prezante anfas lòt moun; li twouve 1 kounyeya nan yon seri «zòn komen»; pa ekzanp nan matematik, nan fizik si pa ekzanp li parèt pou al fè konpetisyon, li santi 1 anbarase, li santi 1 pa ka di yon bagay ki valab, kounyeya, li vin asosye sa avèk kilti 1; li di: «*a, se paske Ayisyen pa vo anyen, gade tèl gwoup etnik, gade x, gade y tout kesyon ki parèt yo reponn li*» se paske moun sa yo gen papa yo, lòt moun ki te etidye anvan yo epi yo gentan ba yo tout sekrè a; yo esplike yo tout bagay. Donk, lè timoun nan rive nan *high school* la, li gentan konn tout bagay deja. Epi lè pwofesè a parèt kounyeya, li di: «*misye entelijan*». Nou menm Ayisyen, nou entelijan tou, men depi nou gen moun k ap sipòte nou, moun k ap eklere nou, k ap ban nou kijan bagay yo fèt. Lè sa a, n ap vin gen konfyans, n ap vin gen sekirite, n ap vin tèlman kontan, n ap vin fyè ke n se Ayisyen paske kounyeya, lè nou parèt devan moun, nou parèt tankou Ayisyen paske se Ayisyen menm nou ye; men, lè nou

pa gen anyen pou n ofri, lè nou pa prepare timoun yo byen, kounyeya sa ap yon wont pou yo. Yo vin pè kilti yo paske yo panse se kilti a ki pa gen pou ofri yo. Se nan sans sa a m wè yon *High School* Ayisyen enpòtan pou yon chanjman nan kominate a; sa t ap kreye yon lòt imaj nan kominate a paske nan tan n ap viv kounyeya, nou wè gen anpil nèg ki vle parèt, anpil nèg ki ta vle fè yon seri bagay. Nou menm, nou vle fè l pou karaktè a reflete, e pou nou etabli bagay nou te gen depi lontan, sa k te fè Ayisyen vrè Ayisyen an. Mwen kwè *High School* la se yon bèl kote pou nou kòmanse, pou prepare jèn yo. Menmsi se ta dis moun kit a parèt nan *High School* sa a, men dis moun sa yo ap sèvi kòm yon pepinyè, moun k ap prepare pou kontinye èv la epi pou Ayisyen parèt tankou gran doktè, tankou gran syantis, gran chèrchè epi pou yo ban nou non.

E. W. VÉDRINE: Jean-Jacques ap souke tèt li, siman genlè li vle fè yon kòmantè sou sa Berthold sot di a. Donk, mèsi pou tout pwen sa yo ou vin avè yo.

T. JEAN-JACQUES: Mewen ta renmen adisyone sou sa. Non sèlman li enpòtan pou bay timoun yo syans, matematik, lang etranje nan lekòl la, men sa sèlman pa sifi pou fè timoun nan gen yon konfidans nan li menm, ki pou fè l konnen kilti l. Premyèman,

apa de edikasyon sa a ou bay timoun nan, ou sipoze kreye aktivite nan lekòl la ki montre timoun nan enpòtans kiltirèl li. Ou kreye aktivite, tout bagay sa yo. Lekòl la vin tounen yon sòt kominate pou timoun nan. Olye pou timoun nan al jwe nan lari, lekòl la kòm yon sòt gran fanmi pou li, kote apre lekòl, li gendwa rete, gendwa gen ti kèmès li ki fèt nan lekòl la kote tout pwofesè avèk paran elèv la pran pa ladan li e pou timoun nan santi ke li nan milye fanmi l. Sa enpòtan pou devlopman kiltirèl e sosyal timoun nan.

E. W. VÉDRINE: An palan de aktivite kiltirèl, nou konnen lang nan jwe yon wòl trè enpòtan nan kilti, nan tout kilti. M ap mande Jean-Jacques ki pwofesè lang tou pa ekzanp, si tout fwa ta rive gen kreyasyon yon *High School* Ayisyen, kisa ou wè apwopo lang, ki lang ou sijere yo ta anseye nan korikilòm lekòl ayisyen sa a?

T. JEAN-JACQUES: Bon, nan lekòl la, nan kreyasyon lang nan lekòl la, kijan yo ta ka anseye lang nan lekòl la? Premyèman, nou konnen timoun nan se Ayisyen li ye; li pale kreyòl 100%. Nou sipoze antre ak kreyòl danble, tout timoun yo dwe konn li ak ekri 1 epi lòt lang yo; pa ekzanp lang anglè a, kòm n ap viv nan yon sosyete anglofòn, timoun nan pa ekzanp nan lekòl la sipoze gen Ameriken nou gentan chèche konnen kijan 1 kanpe, kòmsi pou 1 pa bese timoun yo, pou 1 pa montre yo yon sòt enferyorite paske y ap

aprann anglè; li enpòtan pou n konnen filozofi pwofesè k ap anseye anglè yo. Apa de sa, nou fè timoun nan aprann lang etranje tèlke fransè, nou bay yon sòt apwòch kijan pou aprann lang fransè a, epi yo aprann lang kreyòl la byen tou; pou anglè a, n ap gen Ameriken ki konpetan, ki kalifye, ki konnen kilti ayisyen an trè byen tou epi ki devwa pou aprann timoun nan non sèlman anglè men pou pa abese l, pou pa montre l enferyè.

E. W. VÉDRINE: Ou di ti Ayisyen yo pale kreyòl 100%. Donk, siman mwen panse ou fè referans a ti Ayisyen ki fèt Ayiti yo oubyen ki grandi Ayiti, men si n ap pale de kreyasyon yon lekòl pa ekzanz pou tout ti Ayisyen, mwen wè non sèlman l ap enpòtan pou ta kapab pran ti Ayisyen ki fèt isit tou men ti Ayisyen ki soti Ayiti. Pou 100% an pa ekzanz, mwen t ap di kòman ou kapab eklèsi sa paske si w ap vin ak kreyasyon lekòl la pou ti Ayisyen ki fèt isi, nou konnen se youn nan pwoblèm anpil ladan yo kapab tandem lang kreyòl la depi piti, men yo pa pale l 100%. Pa ekzanz, gen paran se anglè yo pale nèt ak yo. Donk, se sa m t ap mande ou pou eklèsi, kòman ta ka gen yon pwogram kreyòl pou timoun sa yo ki fèt isit Ozetazini, ki tandem lang kreyòl la, ki kapab degaje yo ladan l men sa m ta renmen wè sèke yo ta sipoze pale lang kreyòl la 100% epi ekri l tou. Donk, mwen ta renmen ou fè yon eklèsisman sou 100% sa a.

T. JEAN-JACQUES: Wi, menm timoun ki fèt isi yo, menmsi manman yo voye yon an gadri oubyen manman yo pale anglè avèk yo, men pafwa yo tandé lang kreyòl la kanmèm. Men lè yo tandé lang kreyòl la, yo gendwa pa fin asimile li, yo pa fin metrize lang kreyòl la, men gen yon bagay Noam Chomsky, yon lengwis ameriken k ap pale de «*gramè inivèsèl*», di ke lang manman timoun nan depi 1 itilize devan timoun nan, menmsi timoun nan pa pale 1, pa itilize 1 chak jou, men li gentan gen yon nosyon de li menm, li kapab itilize 1, li konnen kijan pou 1 itilize; men akoz de bi esansyèl nou pou nou bay timoun nan yon fòmasyon kiltirèl ayisyen, nou wè ke sa se yon pati entegran ke 1 ye. N ap genyen kou k ap atake non sèlman *lang etranje* kote timoun nan ap fè pratik an kreyòl e 1 ap ekri kreyòl e kreyòl ap yon lang menm jan ak lang anglè a pou timoun nan aprann, pou 1 konn li, ekri epi kreyòl la ap nan korikilòm lan pou jistan elèv la gradye. De lang yo: *kreyòl ak fransè* ap la tou pou timoun nan konn li, ekri, pale yo tou.

E. W. VÉDRINE: An palan de lang etranje, nou konnen lang fransè a enpòtan pou nou byenke nou kont fason yo itilize 1 anpil fwa an(n) Ayiti, men ou te mansyone lang fransè a pou ta itilize tou nan korikilòm sa a. Nou konnen kòman 1 enpòtan pou elèv yo

ki nan peyi a konnen yon lòt lang etranje. Ki avantay ou panse lang fransè a ta kapab ba yo pa ekzanp lè yo rive nan kolèj oubyen nan inivèsite kote y ap bezwen yon lang? Donk, si tout fwa kreyasyon lekòl sa a ta vin fèt, pou mete lang fransè a tou, ki preparasyon ou panse sa ta kapab bay elèv yo avan y al nan kolèj oubyen inivèsite?

T. JEAN-JACQUES: Bon, preparasyon timoun Ayisyen sa yo kapab genyen nan lang nan sèke y ap wè si pa ekzanp yo gen yon chans pou al nan peyi etranje, yo kapab mete 1 an pratik e non sèlman sa, genyen ladan yo m panse ki kapab al fè yon visit an(n) Ayiti. Si y al fè yon visit an(n) Ayiti, y ap wè enpòtans sa genyen, si yo parèt nenpòt kote yo kapab itilize lang nan tou. Men, apa de sa, lè timoun nan rive nan inivèsite, 1 ap vin wè ki enpòtans sa genyen (lang sa yo 1 te gentan kòmanse etidye depi nan *high school*)sa ap pèmèt timoun nan pou 1 kapab fè tranzisyon an pi rapid epi li kapab itilize konesans ke 1 te gentan genyen nan *high school* la pou 1 kapab fè tranzisyon an, pou 1 kapab kontinye aprann lang lan nan nivo inivèsité.

E. W. VÉDRINE: Sa k ap pase kounyeya, nou wè yon seri lekòl ameriken vin trè enterese nan etidye lang etranje. Donk, isi nou konnen se pa yon siksè totalkapital fason yo anseye lang etranje nan lekòl ameriken yo. Gen yon mouvman pa ekzanp kote anpil

paran oubyen paran ki kapab gen ti kòb voye timoun yo an(n) Ewòp nan sa yo rele «exchange program» (pwogram echanj) pou metrize yon lang. Si tout fwa ta rive gen kreyasyon yon *high school* nan kominate ayisyen an, kisa ou ta sijere, èske ou panse pwogram echanj sa yo ta bon pou voye timoun yo patisipe ladan yo swa pou yon ete an Frans oubyen Kebèk dekwa pou ta ekspoze yo a lang fransè a ke y ap aprann nan korikilòm lekòl ayisyen an?

T. JEAN-JACQUES: Wi, sa a se yon pati ki trè enpòtan paske mwen wè nesesite pou timoun nan, pou nou kapab kreye fon nan lekòl la pa ekzanp, ou kapab kreye jwèt tankou *benggo*, ki kapab ede lekòl la pou 1 mete nan kès li lajan a dispozisyon gwoup kòmsi ki kapab pati, ki ale nan lòt lekòl, nan lòt peyi pou al etidye lang etranje. Pa ekzanp pou fransè, ou gendwa ale Kebèk oubyen an Frans; yo gendwa pati pou al etidye paske mwen wè 1 enpòtan pou timoun nan fè lòt kontak avèk sosyete kote 1 ap itilize lang nan e pou 1 wè kòman lang nan enpòtan nan lavi 1 chak jou.

E. W. VÉDRINE: Bon, m ap tounen sou Berthold. Anpil fwa lè Berthold ap pale de syans, li di konsa gwo pwoblèm nan se yon kesyon nan *fason yo anseye l la oubyen yon mank de komunikasyon*. Berthold toujou pale de syans, ou *aprann li kòm yon jwèt*. Donk, m ap mande Berthold pou kòmante sou sa. Pa ekzanp,

nan aprann syans kòm yon jwèt, ki avantay timoun yo ap genyen? Petèt sa kapab pi fasil pou timoun yo ta metrize tout konsèp sa yo, teyori ak pratik. Èske ou ka fè yon kòmantè sou sa?

M. BERTHOLD: Ankò, sa k vin pase si ou kontinye sou menm pwoblèm lang nan, tankou nan pwoblèm kiltirèl, nan lòt bagay moun yo genyen, o pwendevi langaj, nou pa gen san an syans paske vrèman syans lan li menm, se yon bagay inivèsèl li ye. Ou gendwa parèt an Chin ou pran yon syantis ki pa pale anglè, ou pran yon Ameriken ki pa pale chinwa ou mete yo ansanm y ap travay. Depi ou ba yo senbòl, ou di yo men sa y ap fè, yo tout ap travay menm jan, y ap kominike alèz. Menmsi yo pa di: «kijan ou rele, pale m de ou?» men y ap travay nan laboratwa a, y ap fè 1 ansanm. Egal, nan syans, pa tèlman gen yon pwoblèm lengwistik paske langaj senbolik nou itilize nan syans lan, se yon konvansyon li ye, se yon bagay ke tout moun dakò sou li tout kote ou pase. Se sa k fè yo yon jan debarase pwoblèm sa a nan syans lan. Jan mwen menm mwen di syans lan se tankou yon *jwèt*, sètadi lè w ap gade nosyon syantik la, se pou di se yon bagay ki ekziste kòmsi la a, se yon bagay ou kreye, se yon sistèm ke 1 ye. Sètadi, bon, ou konn wè *jwèt* ti blòk yo; timoun nan gendwa fè yon bato, yon kay, li gendwa bati nenpòt bagay. Enben nan syans lan, gen yon seri *tèm*, yon seri *nosyon* nou ba yo; yo reprezante yon ti blòk. Timoun sa a

li menm, devwa ou ba li, konstriksyon ou fè yo reprezante ti kay, osnon ti bato, ti machin ke ou bati avèk ti blòk yo. Sètadi sa ou eseye lakay timoun nan se yon nosyon de kijan li kapab itilize bagay sa yo pou 1 fè sa 1 vle. Se yon bagay ke ou fè chak jou; se nan pratik ke ou fè l, se kòmsi m ta di pa gen yon bagay ki di se konsa 1 ye, se sa sèlman ou kapab fè paske posiblite yo enfini. Se nan pratik, se nan repetisyon, se nan fè, se nan refè, se nan fè l, tout sa w ap fè yo, ou eseye itilize yon *prensip* pou fè yo; ou fè bagay yo selon yon *règ*. Se la tout pwoblèm syans lan ye paske lè elèv la parèt nan laboratwa, ou di 1 fè sa a, fè sesi, fè sè sela, yo parèt, yo ba 1 yon *pwozedi* pou fè l. Non sèlman fò timoun nan konprann enpòtans pwozedi a, men tou enpòtans pou 1 fè bagay yo selon règ yo. E kounyeya tou, fò ou montre timoun nan kote règ yo soti, kijan yo vini avèk *konvansyon* an. Pa ekzanp, gen yon bagay mwen kont nan jan yo anseye *chimi*, nan jan yo anseye *fizik* nan lekòl ameriken. Pa ekzanp, mwen wè fò *timoun nan ta kòmanse fè laboratwa anvan l al nan teyori paske nosyon teyorkik yo se abstraksyon yo ye*. Sètadi, nan abstrasyon, an antan ou pran objè a, ou fèt pou leve 1 nan yon nivo konsepsyèl, nan yon nivo konsèp ki bati nan lespri ou. Ou poze anpil kesyon, ou mande poukisa tèl bagay fè tèl bagay. Kounyeya, mwen fin fè yon eksperyans ak ou pa ekzanp, mwen gendwa parèt nan laboratwa a, nou fè yon esperyans sou *vitès*. Mwen pran yon bagay m ap woule 1 epi nou

pran yon mont n ap kalkile *tan*, nou kalkile *distans*, kounyeya ou vin wè bagay la fèt devan ou. Men lè m tounen nan klas la, mwen pral fè teyori avè ou, bagay la gentan vin abstrè nan lespri ou. Ou gentan devlope *konsèp* la, ou gentan konn ekzakteman de kisa m ap pale.

T. JEAN-JACQUES: Pa ekzanp, si yon timoun nan yon machin epi machin nan ap kouri vit avè l, li gen nosyon oubyen li wè ke kay oubyen pyebwa ap pase devan l, ap mache. Timoun nan di: «poukisa m wè kay yo ap pase sou kote, machin ap pase sou kote, kòmsi la a, kisa *vitès* la avèk machin k ap kouri a, ki fenomèn ki fè sa pase konsa?». Timoun nan menm akoz espryans sa a li gentan fè a, lè l parèt kounyeya l ap etidye, li vin wè ekzatteman ki benefis espryans sa a li fè a pral ba li pou kapab rezoud pwoblèm sa a ki poze nan lespri l e lè l parèt li wè *teyori* a devan l epi w ap esplike l, y ap di l byen si ou wè nan machin nan, ou wè pyebwa ap pase sou kote ou, kisa ki fèt? Se *vitès* machin nan ki fè ke pyebwa a pa mache; li rete anplas, men machin nan k ap kouri a bay enpresyon l rete anplas epi ou wè fenomèn pyebwa a k ap mache sou kote l.

M. BERTHOLD: Alò, se nan sans sa a, mwen menm nan *high school* sa a, mwen t ap ranvèse bagay yo. Mwen t ap kòmanse toudabò nan *pwo sedi syantifik* la, pou fè timoun nan adapte a yon

seri fenomèn. Sètadi yon seri objè, yon seri bagay k ap fèt ke 1 kapab obsève dabò, pou l kapab devlope *konsèp* la toudabò paske li yon jan difisil pou timoun nan devlope yon konsèp pirman abstrè. Pa ekzanp, ou parèt, ou kanpe w ap di *vitès* = *distans* : *tan* (vitès egal *distans* divize pa *tan*). Tout bagay sa yo oke; timoun nan gendwa aprann li pa kè men lè timoun nan kounyeya ou fè l aprann mezire, ou di konsa men sa k *distans* lan, ou pran mont lan, ou di l sa a se «*tan*», epi lè sa a, timoun nan gen nosyon *tan* an, li gen nosyon *distans* lan. Kounyeya, ou gendwa al pale de *vitès* ak li paske 1 gentan mezire tout bagay yo nan laboratwa, li gentan abstrè, li gentan gen nosyon an. Lè ou parèt ak *abstraksyon* an bay timoun nan, li reyèlman pa konprann anyen. Donk, mwen wè se youn nan pwoblèm, espesyalman se pa sèlman Ayisyen ki gen pwoblèm sa a nan inivèsite, menm lòt moun, lòt Ameriken k ap ekspoze pou premye fwa sou pwosè syantifik la gen pwoblèm sa a. Nou menm nan *high school* la, se youn nan bagay m ta eseye fè. Depi ou fin bay timoun nan *konsèp* la, se yon jwèt; rès la sèke li toutan nan laboratwa ap jwe. Se la w ap devlope tout bagay yo.

T. JEAN-JACQUES: W ap vin wè ke pwoblèm ki poze devan ou e lè ou fin plen tèt ou ak anpil kesyon, kounyeya, ou pral ouvri liv yo pou al chèche konnen poukisa tèl kesyon parèt devan ou, ou pral chèche wè repons yo e lè ou fin jwenn repons yo, kounyeya, w

ap retounen nan laboratwa a ankò pou mete yo an pratik pou wè nan ki fason ou kapab solisyone pwoblèm nan.

M. BERTHOLD: Ekzatteman. Lèfini se yon jwèt li ye ankò nan sans m gen dwa fin rezoud yon pwoblèm. M di bon, men jan m fè pwoblèm sa a; èske m ka fè l yon lòt jan? Se yon jwèt li ye. Depi ou konn sa w ap fè, yo ba ou prensip yo, ou konn kijan pou fè l, ou al pratike. Epi ou alèz, pou jwenn yon moun ki pou esplike ou sa ou kapab fè. Men, sa k pase ou pa jwenn nan lekòl Ameriken an lè timoun nan fèk ap devlope sitou li pa jwenn moun ki reyèlman onèt avèk li. Paske m pa kache di ou, gen yon pwoblèm ki ekziste paske lè ou voye yon timoun lekòl, ou panse timoun nan pral nan syans, w ap peye tout kòb sa a pou li, l al nan gran lekòl, ou panse w a pran l, se pa vre. Lè yo lage l, yo gendwa montre l premye nosyon pou fè yon lekti epi yo lage l sou bon an pou kont li epi timoun nan gen konfizyon. Sa l fè, li leve li pachiman bagay la tousuit, li pase kou a nenpòt kijan lide l di l. Li pa aprann tout sa pou l ta aprann nan.

T. JEAN-JACQUES: E anplis, timoun nan vin kreye yon sòt *krent* pou l vin wè a lavni pou l pa kontinye nan chemen sa a epoutan se chemen sa a ki ta kapab bon pou li.

M. BERTHOLD: Gen yon bagay m pa janm blyie. Lè m te fèk antre nan yon laboratwa chimi, gen yon blan ki kanpe dèyè m; li di m: «syans se yon ‘brotherhood’ li ye». E lè ou gade mwen menm ki ti nwa la a, mwen pa santi mwen menm mwen kapab frè ak elèv sa yo. Li klè pou mwen, paske lè tout moun reyini, yo fè gwoup yo, yo fè laboratwa yo, yo eskli mwen. Mwen menm, jan m entèprete l la, lè l di m se yon «brotherhood» la se kòmsi m tandem eskli; mwen pa nèg ki sipoze nan syans. Mwen kwè se pa mwen menm sèl ki te fè esperyans lan. Tout timoun ki te ale anvan m, yo pa pase, sa k vin apre m yo pa pase tou. Alò se pwoblèm sa a menm nou ta renmen atake lè n gen yon sant osnon yon *high school*, kèlkeswa sa l ye a, nou kapab fè timoun yo benefisyé, nou kapab ba yo plis fòs lè yo parèt nan yon nivo ki pi avanse, nan yon nivo inivèsité pou yo kapab danble. Se yon bagay ki trè enpòtan.

T. JEAN-JACQUES: E anplis, mwen kapab di ke esperyans ou fè a, li trè enpòtan pou kominate ayisyen an. Men anplis, mwen ta renmen pou nou konnen ke nan tèt pa nou, esperyans sa a, nou pa ta renmen kòmsi pou l kontinye, pou tout ti Ayisyen pase nan menm pwosè a. Kòm ou pase ladan li, ou gen chans pou kapab siviv li. Men ekzanz ou sipoze yon sòt chemen pou Ayisyen yo pa pase ladan l ankò. E ou menm tou, w ap yon sòt pòtpawòl pou yo pase nan vrè chemen an. Vrè chemen an, se ou menm ki pral

chache kreye chemen an pou yo pou wè nan ki mezi yo p ap pase nan yon chemen pou yo fè menm esperyans avèk ou pou blan kapab kanpe pou l di yo: *ou sipoze an fanmi* e ou konnen akoz esperyans ou fè a, yo te montre ke ou pa t fanmi yo e meyè bagay la, se pou nou jwenn pwofesyonèl ayisyen ki te gentan gen ekzanz sa yo, ki fè esperyans lan epi ki pou wè kijan pou l al fè timoun nan pase nan yon tranzisyon li pa genyen pou l soufri paske si nou menm, nou pase ladan l, nou soufri epi pou pitit nou pase nan menm chemen an, li malonèt nan sans pa nou. Si nou fè esperyans lan, pitit nou pa sipoze fè menm esperyans lan tou.

E. W. VÉDRINE: Sa m rezime nan sa n sot kòmante sou syans lan, mwen wè *toyori*, mwen wè *pratik*, mwen wè langaj pa ekzanp, kòman pwofesè yo anseye, mwen wè tou yon baryè kiltirèl, mwen wè tou yon ide *rasis* nan tout bagay sa yo pa ekzanp. Donk, an palan de minorite, lè n ap pale de syans, kòman ou wè rasis la manifeste lè ou sot pale de «brotherwood» la? Nou kapab al pi fon pou kapab analize yon seri bagay, tèlke nan langaj pwofesè yo. Kòman yo anseye, èske yo fran, yo anseye yon jan pou tout moun konprann oubyen tou yo gen yon seri rezèv lakay yo jan yo anseye syans lan?

M. BERTHOLD: Non, okontré yo pa anseye syans ditou. Si yo anseye syans, se ak pitit yo oubyen yo anseye l an sekrè. Mwen pa konnen. Lè ou byen gade, fòk ou anseye *nati syans* lan nan soyete a. Syans lan se yon pouvwa li ye. Pa ekzanp, lè ou di ou konprann chimi, ou konprann pwosede ou kapab fè bagay yo, ou vin gen yon pouvwa. Lè moun nan kounyeya parèt, se pa pou di ou li pa ta vle ba ou l non, men kounyeya, depi l pase ou konesans sa a, ou vin gen yon fòs pou fè konpetisyon, petèt ak pitit li oubyen avèk li menm tou. Se yon krent li ye paske menm li menm ki syantis la, se yon bagay pou yon moun konprann anpil afè syans lan. Gen yon pakèt konpetisyon, se yon domèn ki gen yon pakèt ipokrizi ladan l paske li menm, li pwofesè, li gen doktora li, li pase anpil mizè tou. Kounyeya, lè l ap fè yon rechèch, gen kòb ladan l. Si l te ka gen chans pou l dekouvri yon bagay nan rechèch la, li ka fè anpil kòb men, rechèch l ap fè a, li gendwa fè ventan ap fè l. Sa k enkwayab nan syans lan, bagay li pase ventan ap aprann nan, li te gendwa montre ou l nan de mwa. Èske ou wè bagay la? Li fè ventan ap aprann afè l epi pou vin aprann li nan de mwa. Menm ou menm kòm imen, ou di: «*Mwen fè ventan ap aprann sa epi pou m al bay yon nèg li nan de mwa*». Egal, li gen yon jan l ap ralanti sou ou, li ba ou yon langaj ke ou pa konprann paske l voye ou pou al kòmanse. Sa fèt. Pa ekzanp nan lab kote m t ap travay la, gen yon elèv k ap travay ak yon pwofesè. Elèv la se yon kandida pou

doktora. Lè 1 parèt ap travay ak pwofesè a, 1 ap siveye esperimentasyon pwofesè a epi pandan pwofesè a fè sa li ale, li te gen yon konferans pou 1 te prezante yon kote. Elèv la fè yon obsèvasyon pwofesè a pa t janm wè. Li pran nòt de obsèvasyon an san 1 pa di pwofesè a sa. Se yon bagay ke 1 pa t sipoze wè ki fèt e pwofesè a pa t la. Li pran nòt sou obsèvasyon an epi li al analize li apre sa li di 1 fè yon envansyon.

E. W. VÉDRINE: Ki reyakson pwofesè a?

M. BERTHOLD: Pwofesè a pèdi. Se elèv la ki dekouvri 1, se li ki wè 1 ak je 1. Pwofesè a mete misye deyò nan lab la. Donk, pwofesè a fè ventan ap travay, sa 1 t ap chèche a se elèv la ki dekouvri 1 pandan li pa la. Alò se pwoblèm sa a ki gen nan syans. Ou menm ki minorite kounyeya, imagine ou si tout Ayisyen ta enjenyè, tout Ayisyen ta doktè, ou vin tounen yon danje nan sosyete a paske yo di ou se minorite ou ye. Kounyeya, ou se doktè, fò ou gen yon lab w ap travay; ou se chimis, fò ou gen yon lab tou. Tout bagay sa yo, sosyete a se yon sosyete kontwole 1 ye. Men, chans pou nou, depi nou gen yon seri vye gress nèg ki déjà pase nan yon twou pou aprann bagay la, kounyeya, fò yo gen bon kè pou pase 1 bay lòt yo. Nou menm, nou gentan fè sa n kapab la; jenerasyon k ap vini yo, si nou pase 1 ba yo, nou ba yo sekrè a sa ap ede yo. Syans lan se yon

jwèt lè ou fin konprann kijan pou fè l; apre sa, li vin fasil. Men pou vin aprann jwèt sa a, kijan pou jwe l se yon lòt bagay. Menm jan m ap pale avèk ou a, mwen gendwa parèt ak yon jwèt damyen la a. Mwen gendwa montre ou kijan pou deplase pyon men gen yon teknik, se esperyans ki pou ba ou l; se menm jan ak syans lan, se yon jwèt li ye nan sans sa a men dapre yon règ. Gen anpil bagay ki dekouvri deja. Kounyeya, lè moun nan fin fè bagay sa a, ou bati sou li; ou pa bezwen al pase mizè pou redekouvri l paske gen yon seri bagay ki deja fèt. Bagay sa yo, depi ou konn kijan pou rive a yo menm, kounyeya ou vin libere. Sa m ap di ou la a, lè yon nèg fè sa pou ou, se kòmsi l sove ou menm dizan, kenzan nan rechèch paske l ba ou yon seri teknik ki pran tan pou metrize. Ou gendwa parèt la a yon sèl apremidi mwen di ou monchè men jan pou fè sa a, men teknik sa a. Kounyeya, mwen menm ki di ou sa nan dezan ou gentan pi fò pase m paske mwen menm, mwen gentan fin pase kont mizè m pou m aprann yon seri bagay. Kounyeya, mwen epaye ou nan yon pakèt doulè; kounyeya, se sou sa m di ou a ou pral baze. Se danje sa a ki ekziste. Se poutèt sa moun sa yo oblige trè egoyis. Mwen pa bezwen di ou; si ou nwa kounyeya, ou vin tounen yon danje ki pi rèd pou yo paske yo vin wè ou soti jis kote ou soti a. Pa tradisyon, ou konnen nwa pa fè tèlman kontribisyon nan syans. Men de gress nwa fè kèk bagay kanmenm. Men lè ou gade pou popilasyon, pou majorite a, yo pa janm ba yo yon chans pou

yo ta aprann li, pou yo ta jwenn patisipasyon pa yo. Egal se pwoblèm sa a ki vin prezante. Mwen vin wè ke li enpòtan pou nou kapab gen yon asosiyasyon, pou nou menm ki syantis, nou menm ki lengwis, pou nou menm ki espesyalize nan yon branch pou n kapab eseye pase l bay lòt Ayisyen pou yo kapab kontinye. Se nan sèl fason sa a sèlman nou kapab reyisi. Se youn nan bagay ki dwe fèt nan kominote a, pou n kapab leve Ayisyen, pou n kapab pase twofe a ba yo. Sa k konnen? N a kanpe pou kont pa n; n a gen yon kominote solid, n a ka fè yon seri bagay pou tèt nou. E syans lan se yon bagay ki trè enpòtan.

E. W. VÉDRINE: Bon, mwen di ou mèsi. Nou konnen Jean-Jacques pa sèlman rete sou *lang etranje*, li pa sèlman anseye lang etranje ak literati. Li te anseye *syans* tou nan *Boston Public Schools* kote l fè esperyans pa li. Donk, m ap mande Jean-Jacques ki kòmantè l ka fè swa sou esperyans pa l antan pwofesè ayisyen ki travay ak ti Ayisyen, ki apwòch ou, kisa ou te eseye fè lè ou t ap anseye syans pou yo? Èske ou kapab kòmante tou sou sa Berthold sot di a? Kisa ou jwenn, ki sòt parallel ou jwenn nan sa Berthol sot di a?

T. JEAN-JACQUES: Bon, konsènan ansèyman syans, premye bagay m kapab remake, mwen wè enpòtans syans nan lavi timoun

yo. Pa ekzanp, si se yon pwofesè Ayisyen k ap anseye timoun yo, li jwi de tranzisyon an. Pa ekzanp, gen anpil bagay kle timoun nan fè esperyans li. Men lè ou esplike timoun lan nan lang manman li, lang matènèl li si l pa tèlman metrize lang anglè a, li enpòtan pou kapab fè tranzisyon an tou, pou montre l nan lang manman l kote bagay yo soti, men sa tèl bagay vle di nan lang manman l ak nan lang blan an. Men lè ou travay ak timoun nan, ou montre l, ou fè l fè esperyans, mwen byen kontan ak sa Berthold sot di yo; enpòtans pou timoun nan kapab al nan laboratwa a pou l wè bagay la pou l kapab poze kesyon, lè l fin poze kesyon kounyeya, li al nan liv la, pwofesè a menm fè teyori a avèk li, li montre l kòman pou l kapab rezoud pwoblèm yo. Li gade nan liv la, li gade l wè tèl kesyon li te gen nan tèt li men ki fason li kapab rezoud pwoblèm nan epi kounyeya, lè l retounen nan laboratwa a ankò, l al mete sa an aplikasyon pou l wè si l kapab rezoud li. Mwen trè kontan pou tout ide misye devlope la a, nan ki fason syans lan ka abòde. Mwen ta renmen fè yon pale tou non sèlman sou syans, men tou mwen ta renmen pale sa ki konsène pa ekzanp wòl paran genyen pou timoun yo lè yo ap evolye nan yon lekòl. Mwen wè enpòtans pou ta gen *high school* sa a nan kominate a. Sa t ap vin yon sòt *fòs vibran*, yon sòt kolòn vêtebral kominate a paske bi esansyèl lekòl sa a se pou l ta non sèlman antre an kontak ak tout milye relije yo pa ekzanp si gen gwoup ayisyen ki katolik, potestan, advantis non

sèlman pou 1 ta chache pran kontak ak yo men pou 1 ta chèche konnen tou kijan timoun yo toujou evolye nan milye reliye sa yo paske nou konnen milye reliye a jwe yon wòl vibran nan tout kominote e sa kapab pèmèt timoun nan tou pou 1 kapab ede 1 pou 1 gen yon bèl vi sosyal. Anplis, mwen konnen wòl enpòtan lidè reliye yo genyen nan kominote a. Nou sipoze adrese tout bagay sa yo tou ki pou vin pèmèt nou wè nan ki mezi lidè kominote sa yo kapab ede antre an relasyon avèk lekòl la pou 1 kapab fonksyone nòmalman.

E. W. VÉDRINE: Donk, san koupe pawòl ou, sou pwen ou fè sou *relijyon* an pa ekzanp, mwen remake ou wè 1 ta nesesè pou antre relijon tou nan ide korikilòm sa a. E kisa ou panse sou sa? Èske ou wè se yon bon apwòch li ye a yon seri timoun ki kapab gen diferan relijon pa ekzanp? Kisa ou panse si yo ta antre *relijyon* nan korikilòm sa a?

T. JEAN-JACQUES: Wi, li t ap byen enpòtan pou tout lidè reliye nan kominote a ta vin rann lekòl la vizit oubyen lekòl la menm chèche envite yo pou vin pale, pou direktè lekòl la tou kapab pran kontak ak yo pou 1 konnen kote timoun yo mache e kote paran yo mache tou pou kapab ede timoun yo devlope nan yon pwen reliye. Li enpòtan pou leve kominote a paske gen anpil

gwoup etnik ki te vini nan *Massachusetts*, non sèlman nan *Massachusetts* men gen anpil lòt eta toujou ki fè esperyans sa a. Pou yo kapab antre oubyen pèse milye a, yo sipoze kreye pwòp gwoup pa yo, pwòp lekòl pa yo ki kapab ede yo. Nou kapab pran ekzanp *Boston College High School*. Se konsa sosyete a te prezante devan yo pou yo te kapab fè ti gwoup ilandè yo, pou te kapab antre nan sosyete ameriken an paske san lekòl la ki pou ta kapab ba yo yon edikasyon, ki pou ta ka ba yo aksè pou etidye tèlke politik, pou yo vin doktè, enjenyè, avoka, sa pa t ap ka pèmèt yo pou yo fè tranzisyon an. Alò pou nou menm Ayisyen ki pwofesyonèl, mwen wè wòl pa nou se pou nou kapab kreye yon lekòl ki kapab pran tout bagay sa yo sou kontwòl afenke tout ti Ayisyen k ap leve yo kapab fè yon pèse tou nan sosyete a, pou yo kapab vin avoka, enjenyè, doktè, ak tout lòt pwofesyon yo renmen.

E. W. VÉDRINE: Bon, an palan de *korikilòm* pa ekzanp, lè nou ekzamine korikilòm ki itilize nan lekòl piblik Boston yo, sitou kote nou fè esperyans, epi lè n gade korikilòm ki itilize nan lekòl prive yo, nou wè yon diferans ki ekziste ant 2 korikilòm sa yo an tèm *fleksiblite* pa ekzanp; toudabò, pou lekòl piblik yo gen plis *fleksiblite* ki pa reyèlman nan avantay ti Ayisyen. Ou menm ki fè esperyans pa ekzanp nan *Boston College High School*, ou fè esperyans tou nan *Malden Catholic High School*, kisa ou wè ki

enpòtan si tout fwa ta rive gen yon lekòl, yon *high school* nan kominote ayisyen an, kisa ou wè ki nesesè pou ta kapab pran pa ekzanp tèlke konsèy pou materyèl, sijesyon nan lekòl prive yo ki t ap enpòtan pou vizyon *high school* ayisyen an?

T. JEAN-JACQUES: Bon, ide mwen pran e sa mwen remake sèke nan lekòl prive, yo pouse timoun yo plis pou travay. Pa ekzanp, yo pa rete senpleman pou yo rive nan yon limit pou di bon: nan *high school*, timoun nan sipoze rive nan «aljèb I» men yo eseye pouse timoun nan pou wè si 1 ta ka menm rive nan «kalkilous I, II, III» men plis li ka al pi devan, plis yo ankouraje 1. Yo pa rete pou yo di men limit li. Yo pa gen limit, poutèt sa yo pouse 1. Epi si an jen, an me kote yo rive a, si timoun nan se gradye li pral gradye, si 1 rive nan «kalkilous I, II» oubyen «III» li nòmal. Yo toujou ap pouse timoun nan e se menm bagay sa a m konstate lè m te lekòl Ayiti. Kwake nou pa gen anpil zouti, nou pa t gen anpil bagay pou syans, nou pa t gen anpil liv, men bi esansyèl lekòl kote m te ye Ayiti a, yo te eseye pouse timoun yo. Mwen menm tou, yo te eseye pouse m paske m te gentan fè «kalkilou I». Sa pèmèt mwen pou m di ou ke sa te enpòtan. Se lè m rive isi mwen pa t prèske gen anpil pwoblèm pou m te kapab fè tranzisyon an. Alò, mwen wè ke wòl, enpòtans pwofesè yo premyèman ki pouse elèv yo, pou yo pa senpleman rete nan sa sistèm nan mande a. Pa

ekzanp, sistèm piblik la di lè ou rive nan «aljèb I, II», ou kapab rete ak timoun nan. Men lekòl pa nou an menm, bi esansyèl *high school* Ayisyen sa a, se pou l pouse timoun nan al pi devan san rete pou jistan timoun nan kapab rive nan dènye limit mwa a. Pa ekzanp, si l fini 30 jen, bon nou konnen ke nou fini avèk pwogram nan. Se konsa pou nou kontinye avèk timoun yo.

E. W. VÉDRINE: Pa ekzanp nou konnen si tout fwa tout bagay sa yo ta rive fèt, lekòl sa a ta rive mete sou pye, youn nan bagay n ap gade pa ekzanp se diskite tout ide sa yo an gwo, si tout fwa sa ta rive fèt, se reyinyon pou pwofesè yo kote yo ta bay sijesyon pa ekzanp. Mwen menm, mwen vize yon reyinyon mansyèl. Kisa ou panse de sa, e kisa yo ta kapab tire de sòt reyinyon sa yo pa ekzanp si tout fwa lekòl sa a ta rive fèt?

T. JEAN-JACQUES: Bon, si tout fwa lekòl la ta rive fèt, yon *reyinyon mansyèl* se yon bagay k ap enpòtan men anplis, akoz ke lekòl la se yon sòt kominote li ye, se yon reyinyon ki fèt prèske chak jou paske nou reyini prèske chak jou; se yon sòt *fanmi* ke nou ye, nou pale, nou diskite sou tout bagay ke si n pa kapab fè li pou tout lekòl la reyini, tout branch yo tèlke *syans, fizik, chimi, matematik, lang etranje* pa ka reyini ansanm men nou kapab reyini pa depatman. Pa ekzanp, lang etranje reyini ansanm, syans reyini

ansanm. Youn kontakte lòt chak jou avan timoun yo al lakay yo pou kapab konnen gen pwofesè pou kontakte. Tout gen yon sòt de relasyon ki trè *sere* epi tout sipòte lòt pou kapab bay timoun nan yon meyè edikasyon posib.

E. W. VÉDRINE: M ap tounen sou Berthold. Nou konn misye se yon syantis ki danble, li espesyalize nan *syans konpitè, chimi, filozofi*. Nou wè *konpitè* a se yon bagay ki estrèmeman enpòtan. Donk, lè n ap gade gwo peyi, nou kapab pran ekzanp Japon kote timoun yo kòmanse konpitè a depi piti. Nou pa pral Ayiti; nou konnen syans lan se yon bagay ki absan total nan tout nivo nan lekòl Ayiti men Berthold, pa ekzanp si toutfwa ide sa yo ta vin pase, kreyasyon lekòl sa a ta rive fèt nan kominote a, kijan ou menm ou wè nou ta kapab anseye konpitè a? Kisa ou wè elèv yo kapab benefisyé de konpitè a nan *High School* Ayisyen an?

M. BERTHOLD: Kounyeya, li absoliman nesesè nan tout sa w ap fè pou eseye entegre konpitè a ladan. Pa blye bi *high school* sa a se pou nou kapab antrene timoun yo pou yo kapab patisipe tankou manm aktif. Se pa non sèlman pou kominote ayisyen an, se yon fason pou nou fè yo kapab antre nan «melting pot» la. Donk, konpitè a li menm se youn nan baz yo. Tout lekòl kounyeya ap eseye entegre konpitè nan tout sa y ap fè. Menm kounyeya ak

developman sa yo rele «super Highway» (wout estraòdinè). Se yon chanjman ki pral fêt kounyeya. Menm faz lekòl yo kounyeya ap chanje. Sa ou vin wè kounyeya o nivo *konpitè* yo, ou vin wè gen yon seri lekòl kote ka pa gen yon pwofesè ki absan, gendwa gen yon pwofesè ki absan epi pa *telekomunikasyon* sou yon ekran, yo fè yon lòt pwofesè anseye kou a nan klas la. Tout sa se ak èd konpitè. Timoun nan tou, li gendwa chita lakay, li absan nan klas epi 1 suiv kou a ak èd konpitè. Nan sans sa a, konpitè a nan edikasyon, kòmsi pou antrene timoun nan pou fè 1 konn enpòtans konpitè a, se yon bagay ki absoliman nesesè. Okontré, n ap montre timoun nan 1. Nou pa ka wè yon *high school* san ke nou pa ta gen sal konpitè, yon laboratwa pou timoun yo aprann yon seri bagay. Donk, an palan de *edikasyon*, li enkli 100% ladan 1. Pou n rive nan tout bagay sa yo, fò kominate a li menm wè enpòtans yon *High School* Ayisyen. Sa k fè m pale sa, gen yon *ilizyon*. Lè nou vin isit, nou tonbe nan yon ilizyon men li pran anpil tan pou vin dekouvri ilizyon sa a. Mèm mwen menm, mwen fèk sot itilize mo sa a: «melting pot», se pa vre, se yon kesyon «kominate». Lè ou parèt, se yon kesyon *kominite*. Ou wè sa a se kominate $x, y, z\dots$ Se yon gwoup kominate. Chak moun fèmen nan kominate pa yo epi gwoup kominate a, se sa yo rele «melting pot» la. O fon, pa menm gen yon bon relasyon nan kominate yo. Egal, sa ou konnen ki vin pase? Ou menm Ayisyen ki pa gen anyen ki reprezante ou, ou vin

tounen yon nèg ki pral mande nan tout kominote yo: ban m yon dyòb isi, ban m yon dyòb lòtbò. Se mande ou pral mande. Se mande w ap mande lè ou pa gen okenn estrikti; yo pa respekte ou. O fon, mwen di 1 se yon ilizyon; yon ilizyon nan sans ke m vle montre ou ke gen yon kategori kiltirèl ki reyèlman endepandan, ki pa menm gen koneksyon men, pou voye timoun lan nan ilizyon an, nan «melting pot» la, fò timoun nan kounyeya gen yon seri *préparasyon* ki fè l monte pi wo, pi wo ke tout nivo kominote. Lè sa a, li pase tankou yon *pansè*, tankou yon moun ki ka kontribye nenpòt kote, tankou moun ki yon espesyalis nan yon bagay. Donk, kounyeya, si m se yon espesyalis nan konpitè se mwen sèlman ki konn fè l, gwoup etnik «x» pa bezwen konnen nan ki kominote m soti. Yon sèl bagay, gwoup etnik «x» bezwen sèvis mwen. Donk, gwoup etnik *x* oblige rele m. Men, lè m parèt toutan, se mwen toutan ki pral di: monchè pran m nan lekòl ou a, alò se yon lekòl? Kounyeya, lè nou vin gen afè pa nou, yo konnen ti nèg sa yo byen prepare, y ap di: «A, *High School* mesye sa yo anfòm wi!». W ap gen moun k ap sot lòt kote pou voye timoun yo nan *high school* ou a tou paske gen anpil moun ki dèyè bay timoun yo bon edikasyon, edikasyon fondamantal ki pou fè timoun nan tounen yon moun, ki panse.

T. JEAN-JACQUES: Deplis, mwen kapab ajoute nan sa tou, non sèlman lè ou pa gen yon estrikti nan kominote pa ou, lòt gwoup etnik yo kapab wè enpòtans ou men senpleman yo gendwa anboche ou pou yon nonm ane byen defini, pa ekzamp yon ane. Yo anboche ou pou ennan, senpleman pou kapab tire de ou menm konesans lan, apre sa yo jete ou paske ou pa manm nan kominote pa yo a. Yo sèlman pran konesans lan nan men ou epi yo kite ou. Sa vle di ke si ou menm ou te genyen kominote pa ou ki byen estriktire, ou ta kapab rete pou mete konesans ou o sèvi kominote a. Si ou pa gen kominote, se vann pou al vann sèvis ou e y ap annik prije ou epi yo jete ou; yo pa bezwen ou.

M. BERTHOLD: Ekzatteman! E si ou gen yon kominote, ou nan kominote sa a Ozetazini kote nou ye la a, ou pa pwodiktif, ou se moun chak jou ou pa pral travay se mande ou pral mande dyòb, ou pa anyen. Yo fè sa yo vle avè ou. Ou pa gen yon vwa. Men, lè ou gen estrikti pa ou, se yon lòt bagay. Lè ou se timoun ki fanmi moun ki konn panse, mwen p ap pale ou timoun ki pral parèt kòmsi ki pral nan lekòl blan an, k ap fè efò, k ap soumèt bay blan pou yo kapab ba 1 favè, m ap pale ou moun lè 1 gen opinyon, li parèt li demontre opinyon an; se yon fè nòmal pou 1 konvenk moun. Apati moman sa a, ou vin kapab reklame dwa ou paske reklame dwa a, se pa jis di konsa se pran ou pral pran 1 non, men fò ou fè

demonstrasyon, fò ou kapab kanpe, ou pale pou moun tandem paske menmsi ou wè gen tout ti pwoblèm sa yo men lè yon moun parèt, ki byen fòme ki kanpe, k ap pale, k ap fè tandem vwa l, k ap defann vwa kominate l osnon vwa moun li, monchè ou oblige chita pou tandem l paske sa l ap di yo se sa. Pwoblèm ki vin ekziste ankò, anpil moun pa rekonèt sa; sa a, se yon gran domaj. Se sa k fè menmsi kounyeya anpil moun ta di bon, pi souvan, lè Ayisyen ap fè yon bagay, yo di: «Ayisyen pa janm fè anyen ki bon» men, si ou di sa, se yon chwa ke ou fè. Lè ou di Ayisyen pa janm fè anyen ki bon, se Ayisyen ou ye tou, ou asepte ke ou pa janm fè anyen ki bon. Li lè pou n pran yon inisyativ kounyeya, li lè pou nou kanpe. Kèlkeswa sa n ap fè a, se pa pou di: «*m ap fè l pou entèl ka wè m fè l*»; n ap fè l pou lanmou kominate a, pou n kapab fè yon bagay ki kanpe, pou jenerasyon ki vini apre nou yo kapab jwenn yon bagay. Si nou pa fè sa pou yo, nou mechan tandem tan an ap vin pi di. Y ap pale de lekòl kounyeya, lè ou gade moun ki te vin isit sa gen ventan, te gen yon pakèt avantay, ou te ka al lekòl pi fasil, ou te ka antre nan tèl inivèsite pi fasil menmsi ou te fè dwa men kounyeya, bagay yo ap chanje. Y ap chanje akoz sitiayson mondyal la o pwendevi relasyon imigrasyon, de estati yo; yon seri lwa ap chanje faz.

T. JEAN-JACQUES: Deplis, gen anpil bagay ou kapab remake. Akoz ka sa a ki ekziste a, sa vle di lè ou gen pitit ou epi ou voye 1 nan yon lekòl blan oubyen yon lekòl prive kote pa gen anpil Ayisyen, 1 ap viv an minorite ladan 1, 1 ap evolye, 1 ap fè konpetisyon avèk yo; premyèman, menmsi 1 entelijan yo gendwa pase 1. Keson an se: *èske y ap pase l ak nòt nesesè a pou l kapab jwenn bousdetid pou ale nan yon bon inivèsite?* Non, sa p ap ka ekziste paske mwens chans ke elèv ameriken yo ap resevwa, se mwens chans y ap genyen. Si se pwofesè ayisyen ki antrene timoun nan, ki edike 1 epi ki ba 1 bèl nòt pou 1 kapab antre, sa ap bay timoun nan plis chans tou paske 1 ap jwenn gid, moun k ap prezante kòm yon *fa* pou li, k ap ede 1 pou 1 antre, ki pou chèche bousdetid pou li. Se lekòl ayisyen sa a k ap kapab ede 1 paske nan lekòl la, n ap genyen moun danble, moun ki kalifye kòm yon sòt konsil ki la pou chèche bousdetid pou timoun nan afenke 1 kapab antre nan meyè inivèsite. Sa enpòtan; li vital pou *developman sichik, mantal* timoun nan paske 1 sipoze gen moun ki dèyè 1 pou 1 kapab amelyore entelektyèlman palan.

E. W. VÉDRINE: Berthold gen yon bagay 1 ap ajoute sou sa.

M. BERTHOLD: Se menm bagay la; sa Jean-Jacques di a, se pou nou kontinye ladan 1. M ap gade detwa ti Ayisyen ki kouzen m; yo

fè *high school* isi, yo transfòme. Yo fin fè *high school*, m espere pou yo ta di m nan ki inivèsite yo prale. M antre; mwen ekzaminen pou m wè kote nèg yo kanpe. Monchè, se gwo sezisman m fè. Mwen di bon, yo gradye ou nan *high school*? Misye di wi. Bon, sa ban m pwoblèm. Mwen di kounyeya, vwala ke misye se kouzen m li ye, sa fè m plezi pou m wè l fin *high school*. M ap pale avè l; m wè yo pase l men l pa vo menm *klas nevyèm*; sa k fè sa? Se yon jwèt, yon imilyasyon l ye. Yo voye ou ale san ou pa konn anyen.

T. JEAN-JACQUES: Si ou te aprann yon bagay, kategorikman, ou te sipoze kontinye.

M. BERTHOLD: Men, koute byen! Si se te yon lekòl kote l te gen moun pa l, timoun sa a monchè, se yon timoun ki ta valab. Sa k pi etone m ankò, mwen fin pale ak misye apre gradiyasyon, dezan pa pase, mwen mande pou misye, yo di l nan «gang». Ou konprann? Timoun nan soti nan *high school*, se Ayisyen l ye, li gen tout pwoblèm. Paran l fè yon pakèt efò, travay di pou yo sipòte l. Li antre nan «gang» lan, se pa li menm mwen kondane; pwoblèm nan se paske tèt li pa fèt. Li gen anpil pwoblèm ke l rankontre nan sistèm nan ke l pa konprann e li pa janm jwenn yon moun ki pou reponn kesyon yo pou li. Donk, lè timoun nan rive, li pa gen esperyans konsa, li konfwonte yon seri pwoblèm ki ekziste nan

sosyete a, li pa jwenn repons pou yo; pi souvan, l ap fè chwa ki negatif la. Lè sa a, ou ka pèdi timoun nan. Anpil bagay ka rive. Alò se sou sa ke m wè l enpòtan. Menmsi gen lòt moun ki ka tandem program sa a, ki ta vle fè lòt kontribisyon, bay lòt ide, kijan bagay yo ta ka fèt pi byen, nou ta di yo byenveni. Men, esansyèl, bi ki enpòtan an, sèke nou ta renmen fè yon bagay konsa pou nou kapab sove detwa ti gress Ayisyen ki la toujou pou n ka repoze, pou n ka konnen kominate a gen yon baz solid ladan.

T. JEAN-JACQUES: Mwen ta renmen ajoute sou sa Berthold sot di a. Men konsènan timoun Ayisyen ki fin fè *high school*, nòmalman, nou konnen gen anpil ladan yo ki pa t jwenn yon edikasyon adekwa pou kapab kontinye men anplis, yo pa kreye oken pon pou pèmèt yo avanse nan lekòl isi e anplis timoun nan fè yon move espèryans. Kounyeya, li ta renmen chèche yon gwoup ki pou epole li, ki pou ba l sipò. Se sa k fè timoun sa yo ka vin tonbe nan gwoup ki rele «gang». Nan gwoup gang nan, premye bagay ke l fè, li pa montre timoun nan ke l se yon gwoup ki la pou l pwomote *vyolans*, li montre timoun nan senpleman ke l konprann pwoblèm li e li la pou ede. Men kijan de èd l ap ba li? Yon èd de sipò; li di: «*mwen konnen sosyete a mete ou ba, li bese ou men m ta renmen pou m ede ou*». E nan ki fason li ede timoun nan? Li montre l ke l la pou epole l, e nan epole li epole l la, sa l fè, li voye

timoun nan al fè tout bagay ke yo kont nan sosyete a. Sa vle di li bay timoun nan yon *vwa* men vwa li montre timoun nan, se move chemen an. Men, si pa ekzant timoun sa a te gen yon lekòl, yon lekòl kote ke li nan sosyete ayisyen, kote ke gen yon pakèt pwofesyonèl Ayisyen ki se manm kominote a epi ki wè senpleman *pwogrè kominote* a, yo t ap wè pa ekzant si timoun sa a ta bezwen patisipe nan ti kèmès oubyen pou 1 kapab fòme zanmi, li t ap genyen yon fanmi paske kominote a t ap reprezante yon fanmi pou li, yon fanmi kote timoun nan, apre lekòl li ta gendwa, vin chita 1 ap bay blag avèk zanmi 1, elèv parèy li olye pou 1 ta al fè gang deyò. Li ta ka jwenn ti travay li anndan lekòl la kote yo ta ka eseye jwèt tankou *benggo*, bagay konsa ki pou bay timoun nan yon ti travay pou 1 wè sa ap vin ede li non sèlman li aprann nan lekòl la, men lekòl la se yon *gran fanmi* pou li ki pèmèt li fè yon sòt tranzisyon pou 1 wè lè 1 fini lekòl la ki bagay li ka fè nan sosyete a epi ki sèvis li kapab rann sosyete a.

E. W. VÉDRINE: Donk, mwen wè sa trè enpòtan e sa Jean-Jacques di a tou, ide ki vin nan tèt mwen imedyatman, non sèlman kreyasyon yon lekòl nan kominote a, men an menm tan tou, kreyasyon yon sòt de *klib sosyal* pa ekzant ki vin anndan lekòl sa a ki kapab elaji, ki kapab bay timoun nan plis chans non sèlman pou konèt kominote a tou, men kreye yon seri aktivite pou li la anndan

klib sa a tou pou kapab evite l tonbe nan yon seri move aksyon tèlke *gang* pa ekzanz.

T. JEAN-JACQUES: Wi, men nan yon lekòl pa ekzanz tèlke *Boston College High* avèk *Malden Catholic High*, lekòl sa yo se yon kominote yo ye. Pwofesè yo fè pati entegran kominote a. Ou vin nan kominote a, ou travay ladan l, non sèlman lè klas ou fini ou sipoze rete pou patisipe nan tout aktivite k ap fèt: patisipe pa ekzanz nan espò tèlke baskètbòl, foutbòl, volebòl kote pwofesè ap jwe avèk timoun ki pou montre ke non sèlman espryans nan klas konte men espryans fizik, kiltirèl, tout bagay sa yo antre ann aplikasyon e anplis, pou pèmèt lekòl la gen don, fon pou kapab ede timoun yo. Yo genyen *benggo* ke yo mete la ke lòt granmoun nan kominote a vin jwe ladan l, yon fason pou kapab kontribye nan devlopman edikasyon timoun yo. Pa ekzanz nou menm Ayisyen, gen jwèt ke n ta kapab kreye; *benggo* a ta ka yon bèl jwèt. Nou kreye kote granmoun Ayisyen ki nan kominote a kapab vin jwe li senpleman, yon fason pou yo kontinye kontribye nan edikasyon kominote ayisyen an.

E. W. VÉDRINE: Donk, tout sa fè pati enpòtan pou sa k ta sipoze gen nan korikilòm lekòl sa a. N ap retounen sou yon seri bagay nou pa t pase sou yo ekzatteman. Jean-Jacques, nou konnen gen

ekzistans pwogram bileng déjà nan kominote ayisyen an, donk lè n ap pale de *ide pou kreye yon High School Ayisyen* pa ekzanp oubyen yon *sant edikatif* pou kominote a, gen moun ki kapab panse sa kapab kreye yon sòt pwoblèm pou pwogram bileng yo. Ou menm ki yon edikatè ayisyen, ki gen espéryans pa ekzanp nan ansèyman bileng pou Ayisyen, kòman ou kapab eklèsi oubyen kòmante sou sa?

T. JEAN-JACQUES: Bon, konsènan *Pwogram Bileng Ayisyen* yo, mwen konnen yo ekziste nan kèlke lekòl nan *Massachusetts* men pwoblèm ki genyen ladan yo, pwogram bileng yo, pa sitèlman byen estriktire. Pa ekzanp, gen anpil ladan yo ki manke zouti pou timoun kote gouvènman pa fè pati kote 1 ta mete nan avantay timoun yo *diksyonè bileng kreyòl – anglè* pou pèmèt timoun yo li, ekri, anrichi vokabilè yo pou kapab fè tranzisyon an byen. Pa gen prèske ouvraj yo mete a dispozisyon yo nan lekòl. Pa ekzanp, nou konnen pou timoun nan fonksyone, yon pwogram bileng ki byen estriktire sipoze gen liv, ouvraj ki non sèlman ekri an(n) anglè men an kreyòl ayisyen, tout sa k kapab pèmèt timoun nan li, konprann bagay yo; sa pa fèt. E anplis, non sèlman pwogram bileng yo divize pa *vil*, gen vil ki pa menm genyen yon *estaf bileng*. Yo senpleman genyen moun, yon blan ki chita la, ki ka konprann detwa mo kreyòl ayisyen epi ki rele tèt li *bileng*. Li pa menm gen

konsyans sa 1 ap fè a paske premyèman, li pa kreye travay pou pwofesyonèl ayisyen, men li la senpleman pou 1 bay ti Ayisyen yo yon edikasyon ki kapab toutafè *medyòk* epi depi 1 kapab rive pou 1 jwenn nivo leta mande a, sètadi si timoun nan kapab ekri non 1, li ka konprann anglè (malman), li konnen 1 fè travay la menmsi travay sa a se yon Ayisyen ki te pran 1 an chaj, bagay yo te fèt epi yo te kreye, yo pa t gen konrandi pou te bay moun, y ap travay pou devlopman kominote a 100%, san okenn odas, mwen panse sa t ap yon pi bon travay. Men pwoblèm ki genyen, si nou vin kreye yon lekòl ayisyen prive kote kominote ayisyen an envesti ladan 1, pa ekzanz nan jwèt ke n kreye, kote yo vin jwe pou pèmèt lekòl la gen fon, sa t ap pèmèt pou bay elèv ayisyen yo yon pi bèl edikasyon.

E. W. VÉDRINE: Bon, Jean-Jacques, sou menm pwoblèm pwogram bileng yo, youn nan kòmantè ou fè, mwen wè se pwoblèm *materyèl didaktik*. Donk, èske ou kapab kòmante sou sa, ekzistans pwoblèm nan e ki ide ou te kapab bay pwofesè bileng yo pou ta kapab eseye solisyone pwoblèm nan?

T. JEAN-JACQUES: Bon, pwoblèm mwen te wè dapre rechèch m te fè sou pwogram bileng nan, mwen wè nòmalman, pa reyèlman ekziste *liv bileng*. Liv bileng vle di: ou gen liv an 2 lang;

ou gen liv an kreyòl e an(n) anglè men sa pa ekziste. Ou kapab gen fason pwosede ki si te gen yon moun ki t ap fè travay sa a pou te chèche al chwazi, al chèche fè yon sòt konpilasyon pou ta mete a dispozisyon sistèm sa yo, liv ki totalman ayisyen e an plis pou ta anboche moun ki pou ta kapab chèche mete liv yo an kreyòl e an(n) anglè; sa pa fèt. Epi m pa kwè gen yon sistèm nan *Massachusetts* ki mete fon a dispozisyon kominote ayisyen an afenke yo kapab devlope ouvraj bileng men genyen moun ki kapab travay pou kreye paske nan kominote a gen moun ki resevwa yon fòmasyon, ki kapab kreye ouvraj bileng pou lekòl, soti nan *kindergarten* rive nan *douzyèm ane* men pwoblèm ki genyen, kwake gen kèk moun ki kapab bay tèt yo kòm volontè nan travay sa a, men volontè a tou, ou sipoze gen travay, lajan pou mete a dispozisyon. Pa gen lajan ladan li. Mwen kapab di gen anpil efò ki fèt paske lè m te fè rechèch la, mwen jwenn kèlke gress liv, ouvraj ayisyen ki la men lòt ouvraj ayisyen ki devlope Ayiti yo, genyen ki la, ki ekziste. Pwoblèm nan sèke ouvraj sa yo pa nan sistèm piblik yo. W ap jwenn yon nan *Massachusetts* la men yo pa nan resous, nan klas lekòl piblik yo. W ap jwenn yo nan bibliyotèk. Sa lekòl piblik yo te sipoze fè se yon *asanblaj* kote yo te kapab mete liv sa yo a dispozisyon elèv yo; sa pa fèt. Mwen panse li ensansyèl pou gen yon *lekòl privé ayisyen* kote pou kominote ayisyen an antre ladan 1, yo kontribye pou yo kapab mete fon kote k ap gen

pwofesyonèl ayisyen k ap devlope ouvraj pou rezoud pwoblèm materyèl sa a m te rankontre nan rechèch m te fè.

E. W. VÉDRINE: An palan de mete *fon*, ki wòl ou panse «Title VII» jwe nan pwogram bileng nan? Èske l eseye ede pwofesè ayisyen oubyen pwofesè ayisyen yo pa eseye pran avantay ke l ofri?

T. JEAN-JACQUES: Bon, konsènan «Title VII», se youn bagay ki *gouvènmantal*. Yo mete l a dispozisyon pou ede gwoup etnik, fè yo jwenn ouvraj. Mwen chèche kontakte yo plizyè fwa; mwen pa kwè travay yo se yon travay pou ede Ayisyen pou kapab kontribye avèk ouvraj. Travay sa a, se yon travay kòmsi la a si gen nan tèt li blan, rezon yo se senpleman *pou eseye mete yon sòt bwa nan reyon devlopman Pwogram Bileng Ayisyen an*, mwen pa kwè sa kapab mache e mwen kwè pwoblèm Ayisyen ap konfwonte nan pwogram bileng nan se paske pa gen yon Ayisyen ki mete tèt li volontè, ki di mwen ta renmen chèche liv ki pa ekziste nan pwogram nan pou m mete yo a dispozisyon elèv yo. Mwen kwè gen anpil liv ki la. Si yo chèche oubyen anboche yon Ayisyen ki pou chèche yo, mwen panse Ayisyen an kapab jwenn yo pou l mete yo la e menmsi yo la, yo pa toutafè *bileng*, pa ekzamp *kreyòl – anglè* men yo kapab jwenn yo. Lè yo fin jwenn yo, yo chwazi yon moun ki kapab mete

yo sou fòm *liv bileng*. Yo kapab jwenn li men yo depanse lajan. Mwen pa kwè «Title VII» te kontribye pou chèche moun pou fè travay sa a mache. Deplis, gen anpil Ayisyen k ap travay nan pwogram bileng yo men yo pa t resevwa yon fòmasyon adekwa pou devlope materyèl pou pwogram bileng nan nòmalman e an plis, gen anpil ladan yo ki pa genyen «sètifika»; dapre jan Ayisyen an pale, yo di ke yo pa ta renmen mòde dwèt k ap ba yo manje. Sa vle di *si y al pote plent, y al montre reyèlman se yon pwoblèm ki ekziste, sa kapab fè yo pèdi travay yo paske yo konnen yo pa genyen tout «kalite» nesesè yo.* Premyèman, ou sipoze gen «sètifika» pou anseye; yo konnen yo pa genyen l, yo pa pale, yo pa vle antre fon sou pwoblèm sa a.

E. W. VÉDRINE: Donk, yon ti aspè m wè ki manke toujou se «nyaj politik» la yon sòt de *yerachi* pa ekzanp. Nou konnen byenke gen kèk Ayisyen ki okipe yon seri pòs enpòtan nan pwogram bileng nan men pi gwo pòs yo, gen yon sòt yerachi ki ekziste, ki toujou dirije pa blan. Ki enfliyans ou panse sa kapab genyen sou pwogram bileng nan tèlke *devlope materyèl*, fè yon seri bagay pou amelyore pwoblèm nan, non sèlman pale de pwoblèm nan chak jou, men kijan yo kapab fè pa ekzanp pou eseye solisyone yon seri pwoblèm? Kisa ou panse de *enfliyans politik* sa a?

T. JEAN-JACQUES: Bon, nòmalman, mwen panse a yon «Biwo Bileng Ayisyen». Premye bagay, pou kapab solisyone pwoblèm ouvraj nan pwogram bileng nan, ou sipoze gen yon biwo ki gen pou bi prensipal: *envestigasyon ouvraj ayisyen, ouvraj ki te pibliye depi ane 70 rive nan jounen jodiya*. Lè yo fin jwenn tout ouvraj sa yo, yo sanble yo; akoz te gen ti pwoblèm nan fason yo te ekri oubyen *òtograf kreyòl* la, lè ou fin jwenn tout ouvraj sa yo, kounyeya ou chèche yon lòt mwayen, ou chèche moun ki kalifye, ki konn ekri nan *nouvo òtograf la* pou vin fè yon aranjman. Moun sa yo sipoze manipile konpitè tou. Yo kapab ranje yo nan konpitè pou mete a dispozisyon lekòl piblik yo; sa pa fèt. E m panse sa p ap koute anpil lajan. Nan yon ete, yo te kapab anboche yon 25 pwofesyonèl ayisyen ki kapab travay sou chak gwoup byen detèmine, pa ekzanp: *syans, syans sosyal, fizik, matematik*, tout bagay sa yo. Ou genyen an kreyòl e an anglè ki kapab bay timoun yo yon sòt aksè paske pa gen liv sa yo. Depi se bagay bileng, timoun yo pa gen liv, men senpleman, li toujou fèt oral, tout bagay fèt oralman. Se yon pwoblèm ki ekziste depi lontan nan kominote a. Nou pa ta renmen sa pran tan pou nou rezoud pwoblèm nan paske kounyeya, gen anpil jèn pwofesyonèl ayisyen ki konnen pwoblèm nan. Yo konnen pwoblèm nan ekziste men pwoblèm ki poze sèke yo pa nan pòs enpòtan ki pou ta ka fè yo solisyone pwoblèm nan.

E. W. VÉDRINE: Bon, Jean-Jacques, nan ide pa ou, ou pale de pwoblèm pwogram bileng nan; m ap mande ou èske ou panse reyèlman pwofesè ayisyen yo sousye de pwoblèm nan oubyen tou, èske ou panse yo eseye jwenn yon solisyon nan kriz la?

T. JEAN-JACQUES: Mwen konnen pwoblèm yo ekziste e pwofesè ayisyen yo gen anpil ane depi y ap konfwonte 1. Yo konnen 1 ekziste men yo pa vle di anyen sou li paske yo pa t resevwa yon fòmasyon adekwa pou yo te kapab solisyon 1. Deplis, fòmasyon yo resevwa a pa t menm jan ak yon fòmasyon «ameriken» kote yo kapab santi yo alèz pou al nan bibliyotèk pou al fè rechèch, yon fòmasyon kote yo kapab itilize konpitè. Olye yo fè 1 oralman, yo te kapab ekri 1 pou yo ta kapab pase tout ouvraj yo sou papye kote timoun yo ta kapab jwenn ouvraj pou itilize men yo pa genyen li. Yo konnen pwoblèm nan ekziste reyèlman, men premyèman yo tout rete ap tann yon moun k ap vin fè 1 pou yo. E pou fè li, ou sipoze gen lajan a dispozisyon. Sa k pase sèke pa gen yon sòt de «fon» kote Depatman Bileng nan mete a dispozisyon volontè, ki wè e ki ta renmen adrese pwoblèm nan e rezoud li.

E. W. VÉDRINE: Ou di yo konnen pwoblèm nan ekziste epi yo pa t di anyen sou li; donk, ou pa panse se yon *krent politik*, yo pè pèdi dyòb yo?

T. JEAN-JACQUES: Kòm mwen te gentan mansyone, akoz yo gen yon man *sètifikasi* e yo konnen si y al souke bato a, tankou jan Ameriken di a: «*Don't rock the boat*» (pa souke bato a); sa vle di si ou konnen ou gen yon pwoblèm epi ou al souke bato a, ou fè dlo antre ladan l, si l koule, se afè pa ou paske si ou pa ka naje, ou pa sipoze souke bato a. Alò yo menm, akoz yo pa gen sètifikasi, yo pa vle souke bato a paske si yo souke l y ap pèdi dyòb yo e yo pa ta renmen pèdi dyòb yo; donk, yo fèmen bouch yo.

E. W. VÉDRINE: Bon, pou sètifikasi a tou, mwen pa pral tèlman lwen sou sa; nou konn pwoblèm yon seri pwofesè ayisyen donk, se chèche mwayen ede yo. Nou pa la pou eseye kraze yo (pafwa jan Ayisyen konn panes). Toujou gen yon sèten *krentif* lè w ap eseye entèvyoure yon seri pwofesè ayisyen byenke yo kapab gen tout papye yo annòd men toujou ekziste yon sèten krentif pou pa pale. Donk, kisa ou panse de sa? Non sèlman sèten ladan yo pa gen sètifikasi a, de kote paske n ap eseye ankouraja yo, eseye ede yo, eseye prepare yo pa ekzanz.

T. JEAN-JACQUES: Bon, *sètifika* a fè pati de yon fòmasyon. Pa ekzanp, lè ou al nan yon lekòl, pou kapab resevwa sètifika a, ou resevwa yon fòmasyon kote w ap jwenn anpil élèv ameriken chita epi y ap fè deba sou pwoblèm pwogram bileng nan paske yo pa konnen 1 men yo senpleman debat sou pwoblèm «mainstream», sa vle di sou ouvraj ameriken. Nou konnen nan lekòl toujou gen ouvraj an(n) anglè pou Ameriken men sa k pase, gen kou pwofesè a pran, ki ka montre li kijan pou 1 fè rechèch, pou li itilize bibliyotèk pou 1 kapab jwenn ouvraj oubyen kisa 1 ka fè pou jwenn yo. Men si yo pa eseye pran kou pou kapab gen sètifika a, sa vle di yo pran kou pou kapab ede yo vin wè klè pou wè kikote pou yo pase, ki pwosede pou yo suiv pou yo kapab jwenn yon solisyon avèk pwoblèm *mank ouvraj* ki ekziste nan pwogram bileng nan.

E. W. VÉDRINE: Sou menm afè *ouvraj* la, ou te di gen kèk bagay ki ekziste deja. Dapre mwen menm, mwen wè pa ekzanp yon pwoblèm *adaptasyon*. Pa ekzanp, te kapab gen yon seri ti liv ki ekri Ayiti, donk li enpòtan tou pou ta genyen yo menm nan resous pwogram bileng sa yo men m ap mande ou an tèm *adaptasyon*, èske 1 pa t ap pi bon pou devlope yon seri ouvraj ki kapab an rapò avèk non sèlman ak sa korikilòm ameriken an ap anseye, men pou 1 ta yon ti jan paralèl a adaptasyon korikilòm ameriken an pou élèv yo? Kisa ou panse de sa?

T. JEAN-JACQUES: Pou kapab devlope ouvraj, premyèman, mwen panse l ta pi senp pou itilize pwogram Boston an; Boston gen pwogram pa l an(n) anglè. Si ou bezwen reyèlman fè elèv yo travay kote yo kapab gen ouvraj, yon mwayen pi senp pou fè sa, se chèche yon moun pou fè tradui ouvraj yo genyen yo. Sa a, p ap rezoud pwoblèm nan 100% paske Ayisyen p ap jwenn bagay kiltirèl pa l ladan l men sa t ap kapab ede elèv la pou l kapab jwenn zouti pou l itilize. Se sa ki pi senp men li pa ekziste e m panse ke yo ta jwenn moun ki pou fè tradiksyon pou yo.

E. W. VÉDRINE: Sou menm koze *ouvraj* la pa ekzant lè n ap gade pwogram nan donk nou wè pwogram panyòl yo gen yon seri bagay pa ekzant tèlke nan *syans*, anpil tradiksyon liv tandiske pou jiskounye nan pwogram bileng ayisyen an pa gen oken liv, tradiksyon ki fèt an kreyòl pou elèv yo. Ki ide ou ta kapab bay pou amelyore pwoblèm sa a? Kisa ou panse se sa?

T. JEAN-JACQUES: Bon, konsènan mank tradiksyon ki genyen nan pwogram bileng yo, moun ki gen kontwòl pwogram bileng yo pa la pou dispose tan yo pou ta wè nan ki mezi yo ta kapab fè tradiksyon oubyen devlope materyèl pou pwogram bileng yo. Senpleman yo la pou fè yon travay; se dyòb yo, yo fè dyòb yo;

anpil ladan yo pa wè sa kòm yon pwoblèm. Se moun ki p ap travay yo panse ki pou vin fè l pou yo.

E. W. VÉDRINE: Bon, tradiksyon an mande yon sòt de *lajan*, *finans*; li mande yon estrikti tou. Donk, mwen pa kwè yon pwofesè ka di: «*bon, mwen pral tradui yon liv biyoloji, mwen pral tradui yon liv matematik*» men fò ta gen yon travay de baz ki pou fèt pa ekzanp, kote y ap jwenn fon pou peye tradiktè yo, kòman pou analize korikilòm nan pou vin tradui an kreyòl pou vin itilize l aprè. Ou panse tout sa gen yon *mank* ladan?

T. JEAN-JACQUES: Mwen panse pwoblèm pwofesè konfwonte parèt sou yon fòm *parès* tou paske lè ou gen yon «lesson plan» (plan de leson) ou gentan fè, ou travay sou li, ou gen tout bagay yo ekri, konpilasyon sa a ke ou genyen chak ane a, ou kapab bay li yon kote pou ranje yo, yo kapab pibliye yo oubyen si yo pa pibliye yo, ou gendwa fè fotokopi yo pou pase l bay lòt pwofesè k ap vin apre pou itilize yo men sa pa fèt. Sa vle di si yo te mete tèt ansanm nan milye bileng yo kote yo ta kapab itilize yo, pataje enfòmasyon yo genyen chak ane, fè kopi yo, konpilasyon sa a ta kapab itilize pou ta kapab kreye ouvraj nan pwogram bileng yo; sa pa fèt.

E. W. VÉDRINE: Mwen pral sou Berthold kounyeya. Mwen gen lontan depi m pa poze ou kèk kesyon. Dapre mwen menm Berthold, gen ide «*back to the community*» oubyen an kreyòl «retounen nan kominote a», ki yon ide trè enpòtan pou mwen. Sa ke m wè nan tèm sa a, se yon seri jèn ki ta kapab fin kolèj, yo vin pwofesyonèl, yo fin nan inivèsite; kòman yo kapab retounen pou vin sèvi kominote sa a pa ekzanp, tèlke yo gen yon bagay pou rann a kominote sa a san yo pa bezwen anyen an retou byenke ta kapab gen kèk possiblite kote kominote a ta ka ede yo tou, ba yo yon seri sipò. Men kijan ou wè elèv ki pwofesyonèl, jèn Ayisyen te ka retounen pa ekzanp pou pote konkou yo nan kominote a lè yo fin kolèj oubyen mete pwofesyon yo o sèvis kominote a?

M. BERTHOLD: Se ta toujou yon pi bon mouvman si sa ta fèt o pwendevi edikasyon. Mwen t ap pale ak yon Endyen, yon ti jenòm ki gen dizuitan e ki nan kolèj. Misye di: «*Mwen rive la a m ap aprann yon bagay pou demele m wè si m a jwenn yon dyòb apre*». Mwen di l se pa bi edikasyon an sa. Si ou vin la a, ou di konsa w ap pran tout edikasyon ou nan lekòl la epi bi ou se pou al travay pou moun, edikasyon an pa sèvi ou anyen. Mwen di okontrè bi ou te dwe lè ou fin pran edikasyon an pou wè kisa ou ka fè pou tèt pa ou. Egal, fè pou tèt pa ou a pi souvan se *retounen nan kominote a* pou kapab kreye yon bagay, kreye yon bagay kominote a kapab

sèvi avèk li. Donk, lè ou pale de «kreyasyon», ou gendwa se avoka ou ye, ou gen yon kabinè; ou gendwa se doktè ou ye, ou gen yon klinik; ou gendwa se pwofesè ou ye, ou fè lekòl ou. Kòm se tèm sa a n ap debat, n ap oblige rete sou pwen pwofesè yo ki pou abouti a *high school* la. Tout edikatè k ap eseye kreye lekòl la, mwen ta konsidere sa kòm yon *retou nan kominote a*; yon retou nan kominote a pou nou, se retounen pou n vin eklèsi, poze yon seri *baz edikasyonèl* ki kapab sèvi moun yo. Deba ki sot fèt talè a sou pwoblèm pwogram bileng nan, egal ankò fò nou pote pwoblèm sa a nan kominote ayisyen an. Pou mwen, yon bagay konsa a ekziste. Ou konprann? Bon, mwen pa konnen pou kominote panyòl la, pou pòtigè, chinwa yo si gen yon bagay paske pa janm gen yon rapò ki parèt ki di konsa men pwogram nan la a, kisa 1 ye. Mwen enterese kòm Ayisyen; si m ta tande gen yon pwogram k ap fèt la a, gen yon reyinyon, se bagay bileng, se yon rapò ki di men tan Ayisyen ki te parèt, ki te antre lekòl, men sa ki fèt, men sa ki al nan kolèj, men konbyen liv ki ekri, men kijan tèl bagay ye... Pou mwen menm, n ap pale de li men mwen pa t janm okouran de anyen. Petèt nou menm, nou ka pi enfòme men jan m ta ka di kounyeya, si ta ka gen yon estriktri nan pwogram bileng nan, fòk se Ayisyen ki pou ta fè kontribisyon nan pwogram lan paske se yo ki pale kreyòl, se pa lòt moun ki pou ta vin di yo men sa pou wè. Se ou menm ki pou di bon, men sa pwogram bileng lan genyen ki kapab fèt.

T. JEAN-JACQUES: Men si w ap tann se blan ki pou di ou: «*Monchè, mwen sou tèt bagay la, monchè men sa m vle ou fè*», sa vle di gen yon pwoblèm, blan an pa ka wè pwoblèm nan pou ou; se ou ki pou wè l, se ou ki pou solisyone l. Alò si ke ou pa gen kontwòl li, sa vle di ou p ap janm solisyone pwoblèm nan. Sa vle di si blan an mande ou rapò epi ou di l monchè se tèl pwoblèm ki genyen, li pa reyèlman wè l; li ka wè l men li pa vle solisyone l pou ou. Li di ou: «*monchè, mwen wè se tan ou w ap pèdi; se lajan m ap peye ou pou genmesi, alò pwoblèm sa a mwen pa wè ke l sou papye m pou m kapab rezoud li. Kite sa pou demen*». Alò Ayisyen an pa ka kontinye l; blan an sou tèt li ap di l sa pou l fè.

M. BERTHOLD: Enben, se poutèt rezon sa a mwen di m pa kwè gen yon pwogram bileng ayisyen ki ekziste vrèman nan kominote a paske lè n ap pale de pwoblèm nan kominote a, se yon bagay ki trè *sansiv*, ki reyèlman delika. Mwen di *delika* paske se Ayisyen parèy nou ki nan pwogram yo ki swadizan gen pwogram bileng. Kounyeya, lè nou parèt nou atake yon bagay radikal konsa, èske se dyòb yo nou di ke n ap fè yo pèdi, oubyen èske nou reyèlman wè pwoblèm kominote a? Mwen menm, mwen gen yon pwoblèm. Mwen wè yon seri moun kalifye ki kapab fè yon seri travay men piske bagay yo pa ka fèt, yo pa fè yo, tout nèg ap kase zo.

Pwoblèm sa a ekziste nan tout enstitisyon nan kominote a, menmsi se legliz, menmsi se pwogram bileng sa a n ap pale a, menmsi se yon bznis ke moun nan fè a, kèlkeswa bagay la, tout nèg ki gentan pran pozisyon yo, tout ap kase fèy kouvri sa. Yo pa vle eklèsi pèp la. Mwen wè sa se yon gwo pwoblèm. Mwen k ap pale ak ou la a, mwen pa ka fè l konsa. Mwen denonse pwoblèm yo men mwen pa la pou kraze pesonn. Puiske se yon bagay ki delika, e puiske ou te di *retounen nan kominote a*, e petèt se bagay endividiyèl li ye, mwen menm pèsonèlman, m ap poze yon pyon. Pyon ke m ap poze a, li pa bezwen antre nan sistèm nan paske mwen menm, m ap etidye estrateji kijan pou m *retounen nan kominote a*, pou m ka kreye yon bagay pou moun yo kapab itilize. Lòt pwoblèm m wè ki prezante ankò nan pwogram bileng nan, se kòmsi m ta di ou, moun yo rete yo di «*wè, se misye ki reprezantan pwogram bileng nan*» epi pa gen okenn patisipasyon pèp la. Nèg yo di ou *prezidan an*, se yon dyòb ke l chèche, li jwenn li blan an atann ke l se yon moun nan kominote a k ap eseye fè bagay yo mache. Moun nan kominote a reyèlman bezwen pwogram nan. Vrèman moun ki gen pwoblèm nan, ki bezwen l, se pèp la. Se moun nan ki gen pwoblèm; donk, se patisipasyon pa yo. Devwa nou menm ki vle retounen nan kominote a pou kreye, se pou n poze inisyativ pa nou epi depi sa ke n fè a travay, se yon bagay ki bon paske tout sa k bon ou pa ka kraze l. Donk, kounyeya, se pa moun ke n pral bay pwoblèm, se pa

moun ke n pral atake men se chèche yon altènativ pou rezoud yon pwoblèm. Enben, altènativ sa a ke n bay la, sa ke n vle abouti ladan an, se bi *high school* la. Nou pa la pou kraze pesonn men nou envite tout moun bò tab la pou vin reekzaminen sitiyasyon an. Ou konprann?

T. JEAN-JACQUES: Mwen panse si m gen yon pwoblèm nan kominate a, nou konnen gen plis toujou. Si nou menm n ap chèche solisyone kèk, nou panse ke travay y ap fè a enpòtan tou. Sa vle di nou p ap chèche kraze men n ap chèche pou n kontribye epi pou n kapab eseye solisyone pwoblèm yo.

M. BERTHOLD: Pou mwen menm, edikasyon an se pa al travay ak moun men kreye afè pa ou. Kounyeya, nou al kote blan an, nou konn sa l konnen; nou pral kreye pa nou tankou jan blan an fè afè pa l. Anvan lontan, fòk nou pran inisyativ sa a, se yon kesyon de *estrategi*, kijan pou nou kòmanse, kisa n ap bezwen epi n ap passe pran detwa gress timoun, nou kòmanse bay prèv. Mwen menm, mwen fè sa déjà. Ak premye moun mwen fè sa se ak yon Endyen. Mwen rankontre misye, yon nèg trè enteresan. M ap travay ak li, li trè kontan. Li di: «*a, monchè, mwen wè ou se yon nèg ki toujou nan libreri a w ap fè bagay yo, sa k pase?*». Li di: «Mwen bezwen yon nèg pou m ta poze kesyon». Li tonbe poze m kesyon. Apre

klas la, mwen vin tounen; misye vin ak lakrè, bagay ke 1 pa jan m fè, vin sou table menm jan nou te konn travay Ayiti. Nou travay sou matematik ak chimi. Nòt li kòmanse ap monte, li kòmanse ap konprann yon seri bagay, li gen yon revolisyon ki pran 1. Paran 1 tèlman kontan, yo envite m vin pase vakans ak yo *Texas*. Yo wè gen yon transfòmasyon ki fèt lakay timoun nan. Sètadi ke, vwala yon timoun ki parèt nan lekòl la, ki san bi, san oryantasyon epi 1 jwenn ou k ap travay avè 1, ki montre 1 kòman pou 1 fè bagay yo epi timoun nan benefisyé de li, li kontan. Vi *kolèj* vin pou li yon pi bèl espéryans ke 1 te ka fè nan vi 1. Donk, bagay sa yo, nou ka fè yo tou nan kominote a. Nou pa bezwen moun deyò. Pa ekzanp, blan an li menm, li mete 1 la o pwendevi politik; afè politik, moun ap di ou li mete pwogram nan, si ou menm ou pa gen konstitiyan an, moun ki vote yo, moun ki nan kominote a ki pou fè pwogram nan mache, ki mele 1. Moun yo bay dyòb la, sitou se dyòb k ap peye lajan fò ou konprann sa. Li pa menm késyon kalifikasyon nèg yo; yon sèl bagay, ou menm k ap pale a, nou menm ki gen inisyativ sa a ke n vle pran an, si nou pa fè yon bagay ki bon, gen lòt moun demen k ap vini, k ap chavire nou, k ap di: «*Monchè, nèg sa yo p ap fè anyen la a*». Se yon bagay ki nòmal. Lè ou nan kominote a, ou pran yon inisyativ, e nan tout kominote, fò bagay yo mache. Si w ap fè bagay la epi 1 pa mache, ou espere yon lòt moun parèt, moun ki gen volonte, bon kè ki pou vin fè bagay yo. Egal, nan sans

sa a, kounyeya, pwoblèm nou genyen se yon pwoblèm *estratejik* pou n kapab montre sa nou di a se sa, li kapab fèt. W ap gade afè lajan, lokal, tout bagay sa yo se bagay ki kapab etabli. Yon sèl bagay, nou dwe chèche yon kote pou n kòmanse. Petèt pou kòmanse a, se kapab yon twa ti Ayisyen nou pran epi nou montre yo; yo p ap pèdi. Gendwa se kèk gress timoun nou kòmanse pran, ou kòmanse yon kote. Fò nou kòmanse yon kote. Se yon bagay ki tèlman enterese m. Mwen gendwa fè anpil sakrifis pou bi sa a. Mwen gen anpil altènativ men m gendwa jis chanje plan m jis si se yon bagay k ap fèt, si se yon bagay si ou jwenn detwa gress nèg ki vle met tèt ansanm pou yo kòmanse fè yon bagay, pou m fè 1 paske li enpòtan pou mwen. Mwen menm, mwen konsidere m tankou yon nèg ki fin pran sa m vle pran an. M ap gade lòt nèg, ti piti k ap vini kounyeya pou fè fas ak pwoblèm ki pi di ke sa m te esperyanse yo paske sosyete a an danje, tout bagay yo chanje. Egal, bi pa nou meyè sèke nou pa gen okenn pwoblèm avèk pesonn. Nou pa ka ret gade sou okenn moun. Si kote yo ye a se kontribisyon sa a ke yo kapab fè, nou menm, nou twouve gen bagay ke n kapab fè e n ap fè 1 kanmèn.

T. JEAN-JACQUES: Plis men ki genyen nan pat la, plis men k ap woule pat la, ap gen plis pen k ap fèt e menmsi pen ke lòt moun yo te konn ap fè a medyòk men si pen nou bezwen fè a pa anpil men li

gen bon kalite, mwen panse ke ni pen medyòk la, ni bon kalite pen an ap vin bay plis pen ki kapab la a dispozisyon moun k ap vin achte yo. Sa vle di m panse ke si nou vin kreye *high school* prive a nan kominate ayisyen an, sa ap amelyore kominate a epi sa ap vin ede l pou vin wè ke gen resous, plis resous ap devlope epi sa ap vin montre nòmalman ke kominate a ap travay nan yon sans pozitif.

M. BERTHOLD: Nòmalman lèfini tou, nou bezwen moun k ap kreye, moun ki gen nanm sou yo. Gen yon jwèt nan sosyete sa a ke w ap viv la, anpil moun pran ladan l. Pa ekzanp, mwen gendwa se yon grenn nwa m ye, yon grenn Ayisyen; mwen fin fè kolèj, mwen pran detwa espryans epi yo maske m. Yo foure yon kòl nan kou m, y al mete m chita devan yon biwo tankou yon makak. Alò m chita, lè m wè ti Ayisyen ap pase, mwen gonfle kòm kòmsi se yon zafè m ye. Non monchè! Sa se travay vakabon. Nou bezwen nèg k ap panse, nèg ki gen mouvman. Lè m parèt la a, mwen di sa a pa bon, chanje l epi lè w ap ranse biling nan bati. Nou pa bezwen bonbonfle maske, men nèg k ap panse. N ap pale de nèg ki gen lavi nan yo menm, nèg ki gen esperans, nèg ki vle kreye. Se sa k fè mwen menm, mwen devwe paske si nou pa fè l, se yon danje, yon pyèj ke n ap pran ladan l. Yo fin fè timoun nan yo voye l nan *Boston College*, nan *Harvard, Boston Universit*; lè l fini li maske kò l; li pa menm ka pale ak moun. Lè ou pale ak li, li di ou ke l

gradye kolèj; sa sa fè pou ou? Ou pa menm ka pale avèk yon moun. Ou pokò janm gradye kolèj, ou pa reprezante anyen paske ou tounen yon makak. Yo maske ou paske yo kontwole sèvo ou; yo fè ou konnen ke ou pa menm sa ou ye a. Sa ou ye a, li enferyè. Donk, se vye bagay sa yo ke ou bezwen eklèsi nan tèt moun nan paske pwoblèm pa nou, lè ou tandé se minorite ou ye, si ou gen detwa gress nèg ki wè, ki vle chanje bagay yo, ou kapab chanje yo. W ap toujou rete minorite men, ou gendwa fè lavi a pi bon pou kominote ou.

E. W. VÉDRINE: Bon, sou menm kòmantè Berthold la, mwen wè yon seri timoun, lefèt ke yo fin kolèj, yo santi yon sòt *siperyorite* oubyen yo pase nan yon seri gran lekòl, donk yo wè ke yo pa kanmarad lòt Ayisyen oubyen tou si yo ta mete yo nan yon pòs, donk yo pa fè yon travay pou reyèlman reprezante kominote a byenke yo ta mete yo nan yon seri pòs pou reprezante kominote a, bon reyèlman yo pa reprezante l. Donk, mwen pa konnen si Jean-Jacques gen yon kòmantè sou sa oubyen pa ki fason ide sa yo ta kapab chanje sòt elèv sa yo ki pran pòz yon siperyorite, yon aristokrasi, yo pa kanmarad pesonn nan kominote a. Bon, kominote a bezwen yo tou byenke nou rekonèt edikasyon yo, men kisa ki kapab fèt pou chanje anndan yo pou vin gen yon fyète pou vin travay oubyen sèvi kominote a?

T. JEAN-JACQUES: Bon, konsènan Ayisyen menm ki gradye kolèj, ki pa wè nan ki mezi yo kapab retounen pou vin sèvi kominote a, pwoblèm nan se pa yon pwoblèm ke moun nan wè l kapab rezoud. Li vin wè premyèman, li gade, li wè pwoblèm nan twòp pou li. Li depase l. E anplis, li sitèlman fristre de pwoblèm nan, li eseye chèche pou l wè nan ki mezi li kapab konbat pwoblèm nan oubyen konvenk tèt li ke pwoblèm sa a se pa pwoblèm pa l li ye. Se menm pwoblèm sa a ki ekziste pa ekzanp lè gen yon mari avèk yon madanm ki gen yon pwoblèm. Pa ekzanp, si gason an fè yon bagay epi fi a di kareman ke l pral fè menm bagay ak mari l paske mari l fè yon bagay mal, li sipoze fè yon bagay mal tou pou korije l. Pwoblèm nan sèke ou vin wè ke de bagay ki fo pa ka vin vrè. Premye bagay pou mete nan tèt ou sèke premyèman, ou chape. Mwen kapab pran espresyon pèlen tèt la «*se yon makak ki chape nan kalòj la*». Lè ou chape nan kalòj la, se pa paske ou deyò a, ou mete rad sou ou, ou abiye, kòl nan kou w pou konprann ou lib pou sa. Wi, ou lib paske ou pa nan kaj la ankò, men èske ou kapab fonksyone san lòt makak yo ki nan kaj la? Ou bezwen apui lòt makak yo ki nan kaj la. Sa vle di ke ou dwe antre nan sistèm nan pou wè si ou kapab chanje seri a pou wè si ou ta kapab mete tout moun deyò. Plis moun ou gen deyò, se plis travay ou kapab kreye e w ap santi ou pi alèz. Alò, mwen konprann ke moun ki mete kò l

nan kou 1 la, ki pa wè pwoblèm Ayisyen yo antan ke pwoblèm pa 1, se yon mank de *fòmasyon* ke moun nan genyen. Li pa tèlman dwe pou 1 kapab fè fas avèk pwoblèm nan. Alò m kapab di ke nou pa dwe ale pou nou fè moun nan konnen ke sa 1 fè a mal, men senpleman, nou menm ki nan kominote a, nou wè n kapab fè yon bagay, eseye pote yon sipò pozitif alò ke lè moun sa a wè ke gen yon travay k ap fèt epi a lavni, 1 ap wè tou se travay pa 1 li ye, se koz pa 1, li sipoze mete men ak nou pou kapab chèche yon solisyon pou pwoblèm yo paske moun sa yo, nou bezwen apui yo nan kominote a e nou konnen pwoblèm ki fè yo absan an, se akoz ke yo wè pa gen moun ki eseye chèche mete yon bagay sou pye ki kapab travay, ki byen estriktire. Alò mwen panse ke lekòl sa a kapab ede moun yo pou yo wè ke reyèlman nou bezwen fè yon bagay pozitif pou n kapab estriktire kominote nou an.

E. W. VÉDRINE: Bon, mwen wè Berthold gen lè ta vle ajoute yon bagay sou sa 1 te di déjà. Donk, mwen pa konnen kisa 1 gen nan makout li ankò.

M. BERTHOLD: Mwen dakò ak sa Jean-Jacques di a. Pi souvan lè n pale de nèg sa yo ki gonfle kò yo, sa pa di ke nou kont pou yo pa al chèche travay, pou yo pa patisipe si yo jwenn yon bagay pou kont pa yo. Ou konprann sa m vle di ou? Mwen pa gen pwoblèm

ak sa men se lè ke moun nan vin pran pozisyon an, ap gonfle kò 1. Sa pa gen pwoblèm si 1 gonfle kò 1 depi travay la pa o sèvis kominote a. Men moun nan fin pran responsabilite epi li al kanpe sou tèt kominote ayisyen an epi 1 gonfle kò 1; li p ap fè anyen ki serye, se yon lòt istwa. Donk, se moun sa a m ap pale ki gonfle tankou yon makak. Èske ou wè mouvman an?

T. JEAN-JACQUES: Wi, mwen konprann. Men pwoblèm nan sèke si moun nan wè ke yo mete 1, li wè ke se yon jwèt k ap jwe epi 1 pa wè nan ki mezi ke 1 kapab pote yon chanjman e yo pa t non sèlman anseye li pou 1 te pote chanjman, se yon sòt *kopi* ke 1 te fè. Alò sa vle di ke li pa wè nan ki mwayen pou 1 chache chanjman. Li rete, li gonfle kò li, pou 1 ka montre ke 1 konn yon bagay. Plis yo gonfle kò yo, se plis kominote a ap pran nan blòf.

M. BERTHOLD: Se sa. Sajès si ou konsa menmsi se nan menm kominote ak yon moun, se vre, tout moun konn sa; gen devlopman pèsonèl. Ou gendwa nan yon sans entim, ou pa asosye ou ak yon seri moun, se pa nan sans sa a m ap pale tou men w ap fè tout sa ou kapab pou ka fè yon travay. Nan tout kominote ou antre, gen vakabon, gen nèg de byen; gen nèg ki vle fè bagay, genyen ki gen move kè tou. Ou sipoze distenge ou de moun ki gen move kè a. Ou toujou vle asosye ou a yon modèl, yon modèl de pwogrè; se nan

sans sa a ou ka gonfle kò ou pou kapab distenge ou pou pa desann a nivo moun ki pa vle fè anyen ditou a, k ap chita ap detwi, k ap utilize, k ap pran avantay, k ap kraze. Pifò pèp la k ap viv gen bezwen, yon seri bezwen kiltirèl, yon seri bezwen entelektyèl, yon seri bezwen espirityèl. Akoz bezwen sa yo, yo pran nan yon bann pa konprann. Gen yon pakèt demagòg ki sòti deyò a pou esplwate pèp la. Kounyeya, nèg sa yo gen yon wòl yo jwe; nenpòt moun yo wè k ap parèt ki vle fè yon chanjman, kraze 1, yo chèche tiye pwogram nan. Sa k fè a? Vwala ke gen yon moun, nan tout tribilasyon li, li bezwen yon bagay rapid ki fiks. Nou pa vle nonmen non, di sesi, sela. Nou menm mesye vrèman ki fè efò, k ap edike, lè n ap gade, pa gen anpil moun ki vle travay pou byen kominote a. Anpil nèg yo se kraponnen y ap kraponnen, bay moun manti, fè moun kwè nan yon seri bagay ki pa sa olye pou yo ta pote yon chanjman. Gen prè de mil moun ki pase devan moun nan kominote a pa mwa; yo pa janm di kominote a: «*Mwen wè konbyen mil Ayisyen, li lè pou n ta gen yon makèt ayisyen*». Okontré, sa yo fè, yo chèche evalye, yo chèche foure Ayisyen an nan yon nivo kòmsi li bliye tèt li, kòmsi 1 pa t ekziste. Yo voye 1 nan yon lòt monn olye pou yo ba 1 pwoblèm esansyèl pou 1 rezoud la. Egal, se nan domèn sa a nou vin tonbe. Moun nan fè sa, se pa paske li pa wè 1 non, men li vle pwoteje enterè pa 1 paske gen yon seri òganizasyon, si yo ta di: «Monchè, ou dwe fè tèl bagay»,

kounyeya, li gen konsekans. Menmsi 1 ta vle di *pwogrè* pou kominote a, men kijan nou rezoud pwoblèm sa a? Se de nèg sa yo m ap pale ki gonfle kò yo a. Se yon seri demagòg, donk fò ou kritike demagoji yo pou kapab gen yon chanjman. Mwen pa konn si se menm sistèm makout la ki degize sou yon lòt fòm men se menm bagay la. Tout moun soti pou abize pèp la. Mwen pa di pou pa fè pwofi; se nan yon sosyete kapitalis w ap viv men ou pa ka kenbe pwòp pèp ou nan iyorans pou esplwate yo pi mal.

T. JEAN-JACQUES: Bon, nan menm kòmantè sa yo, nou pa la pou kraze okenn moun men se kòmante n ap kòmante, fè yon seri ide pase pa ekzanp demagoji sa yo, nan ki sitiyasyon nou ta kapab chanje yo? Nou bezwen tout moun nan kominote a; n ap pale de *inyon* tou. Kisa nou panse nou kapab fè pou yo pran konsyans de sa k ap pase paske gen Ayisyen ki okouran, moun k ap pran nòt pa ekzanp, ki pa dakò ak yon seri bagay, donk kisa nou panse?

M. BERTHOLD: Enben, se ak jèn yo pou kòmanse paske granmoun yo gentan tonbe nan yon chemen etwat, sa vle di yo pa gen chwa. Yo gentan pran ladan 1; se sa k fè kounyeya fanmi ayisyen gen yon pakèt pwoblèm ladan 1. Manman an, papa a gendwa enfiltre nan yon seri sikui; li wè sikui a pa travay men sikui a nan yon sans, mwen konprann li. Li vle di yon pakèt bagay

paske se li ki sipò yo men timoun nan li menm, li deja wè gen yon konfli, li deja wè bagay la pa travay. Donk, kounyeya, timoun nan reyaji kont sa. Se sa k fè nan anpil fanmi ayisyen, kèlkeswa kote timoun nan ale, ou wè l rebèl. Yo tonbe nan gang, y ap pran dwòg, yo pa vle al lekòl; se yon bagay nòmal dapre yo. Nou gen yon devwa pou pran timoun sa yo pou n eklèsi yo, pou n reponn yon seri kesyon pou yo, pou n pwouve yo, pou n di yo men jan bagay yo ye.

T. JEAN-JACQUES: Nou konnen ke fanmi ayisyen kwè nan edikasyon. Anpil paran ayisyen ta renmen wè pitit yo gen meyè edikasyon e meyè pou yo menm yo wè se sèlman mennen timoun nan lekòl. Bon, sa kapab fè timoun nan absòbe meyè edikasyon e se pa sa sèlman. Ou vin isi avèk timoun nan, ou menm ou al travay, ou fè tout vye travay ki genyen paske ou pa gen fòmasyon ameriken an; menmsi ou te genyen l tou, ameriken an pa t ap janm ba ou chans pou kapab antre pou vin kontribye nan sosyete l la. Sa vle di ke ou sipoze bay pitit ou a yon fòmasyon paske genyen ki fèt isi, genyen ki vin isi piti. Premyèman, se ameriken yo ye men dezyèmman, yo se Ayisyen. Kilti yo se yon kilti ayisyen men lè y ap grandi, yo sipoze grandi avèk aspè sa a ke se Ameriken, yo ye tou men akoz paran yo, yo se Ayisyen; yo sipoze leve ak kilti a epi yo wè enpòtans kilti a. Enpòtans kiltirèl la, akoz ke lekòl nou vle

kreye a, se pou senpleman montre ke *diktonomi* sa a ki nan timoun nan, sètadi premyèman timoun nan wè se Ameriken li ye. Li gendwa rejte ayisyanite a men nou vle leve timoun nan avèk diktonomi sa a pou 1 pa gen dilèm ladan 1. Li leve avèk *diktonomi* an e 1 asepte 1 paske diktonomi an se li menm natirèlman ki montre ke 1 se Ayisyen e 1 se Ameriken tou. Pa gen anyen mal nan sa. Se bileng li ye; nòmalman, li sipoze asepte «bilengwis» la. Li asepte «diglosi» a, men nou vle chanje *diglosi* a; pa ekzanp, non sèlman li pale kreyòl, li dwe kapab ekri kreyòl la tou, li sipoze konnen kilti 1, li sipoze konnen kote paran 1 soti e 1 konn kote li prale. Li konn sosyete ameriken an e li dwe fyè ke se Ameriken li ye. Alò, lè ou bay timoun nan edikasyon sa a, edikasyon an pral ede li pou 1 pèse nan sosyete ameriken an pou vin wè nan ki mezi li kapab chanje tèlke faz ke paran li pral rive a; pa ekzanp, gen yon lè paran an pral rive pou 1 retrete, timoun sa a kapab ede pou 1 kontribye a byennèt paran an lè 1 retrete paske li menm, li konnen 1 Ameriken 100%, epi 1 pote nan venn li yon ayisyanite ke 1 sipoze fyè de li.

E. W. VÉDRINE: Kòm moun k ap viv nan dizyèm depatman an, nou pa kapab eskli Ayiti nan yon seri bagay ke n ta renmen fè. Bon, nan menm ide *retounen nan kominote a*, nou sonje tou manman peyi a Ayiti pa ekzanp ke nou pa kapab eskli nan pwojè sa a si tout fwa tout bagay ta mache byen. Kòman nou wè pa ekzanp

elèv ki nan kominote a ki fini, nan ki fason yo ta kapab ede Ayiti, swa nan ide yo, fè yon seri pwogram pou ta motive lòt jèn ki Ayiti yo, pou ta pote yon seri chanjman?

T. JEAN-JACQUES: Ayiti se yon pwen enpòtan ke 1 ye paske nan pwogram nan si nou gen pwogram kiltirèl nou devlope nan lekòl la tèlke yon seri pwogram pou kreye fon ki kapab ede timoun nan pa ekzanp an(n) ete lè pou yo pati al lòt peyi; Ayiti ap enkli nan peyi sa yo kote timoun yo pral travay. Yo gendwa fè youn oubyen de mwa ap travay ak peyizan ayisyen Ayiti; yon sòt de pwogram kominotè kote yo kapab ede Ayisyen, kote y ap travay ak Ayisyen, pou yo kapab ede Ayisyen rezoud pwoblèm, bagay konsa oubyen ke yo kapab travay an kolaborasyon avèk peyizan ayisyen. Alò timoun nan ak espryans ke 1 fè a, sa kapab pèmèt li pou wè nan ki mezi ke 1 kapab konsyantize 1 pou 1 kapab ede peyi a demen si pa ekzanp apre ke 1 fin diplome nan inivèsite, li vle vin kontribye nan kominote ayisyen an, li kapab fè li; non sèlman isit Ozetazini men an(n) Ayiti tou.

E. W. VÉDRINE: Donk, mwen wè se yon ide ki enpòtan lè m ap panse a Jwif yo, lè m ap panse tou a Izrayèl pa ekzanp. Anpil ladan yo pa fèt lòtbò a, men nou wè yon seri paralèl ki ta ka ekziste, kòman yo retounen an(n) Izrayèl al pote konkou yo pou toujou

kenbe kilti peyi a, pou toujou ede peyi a pa ekzanp. Donk, mwen pa konnen si Berthold ap ajoute yon dyegi sou sa.

M. BERTHOLD: Bon, se yon bagay ki trè enpòtan. Mwen menm pèsonèlman, mwen gen rezèvasyon sou sa paske pwoblèm Ayiti a se yon pwoblèm ki reyèlman konplike. Si n ap prepare timoun yo, nou prepare yo inivèsèlman, sètadi pou yo kapab kontribye nan nenpòt kondisyon. Prezidan, nou pa pral mete pwoblèm Ayiti sou yo paske pou mwen menm pwoblèm Ayiti a se yon pwoblèm ki reyèlman konplike. Se pa pou di ke misyon lekòl la reyèlman se pou fè timoun nan vize Ayiti; misyon lekòl la se pou trete timoun nan tankou yon moun ki edike. Ba l yon edikasyon dabò, epi si l posib, timoun nan gendwa kontribye isit, Ayiti, an(n) Afrik, kèlkeswa kote l ye a. Gen yon danje nan asosiyasyon an; petèt nou menm, nou pi anbranche ak Ayiti ke timoun sa yo n ap eseye ede yo. Ou konprann sa m vle di?

T. JEAN-JACQUES: E nou pa pral fòme timoun nan pou al retounen Ayiti paske sa se rèv pèsonèl pa nou. Premyèman, timoun nan se Ameriken, men senpleman li leve avèk paran ayisyen. Sa vle di ke li sipoze fyè ke gen paran 1 Ayisyen.

M. BERTHOLD: Lèfini gen yon pwoblèm ki ekziste tou. Gen yon transfòmasyon ki fèt nan nou. Nou sot Ayiti, nou transfòme lè nou rive isit paske timoun nan sa l aprann nan kay la, se pa reyèlman jan Ayisyen ye dèyè a.

T. JEAN-JACQUES: Sa vle di ke si li menm li vle bay tèt li kòm volontè, li pase yon mwa an(n) ete pa ekzanp, si li menm li konsyantize nòmalman, li vle vin fè yon travay a lavni, se li ki pou fè chwa l; se pa nou menm ki pou ba li l.

M. BERTHOLD: Wi, se pa nou menm ki pou ba li l paske gen yon bann transfòmasyon ki fèt. Menm nou menm, lè n tounen Ayiti nou sezi. Mwen pa bezwen di ou pou timoun nan.

T. JEAN-JACQUES: E anplis, bi pa nou nan kreyasyon lekòl la nan kominate ayisyen an, se pa pou nou devlope Ayisyen, se pou nou edike ti Ayisyen-Ameriken. Sa vle di ke nou konnen gen yon pwoblèm, gen yon sòt *dilèm* ki gen ant timoun Ayisyen ki leve isi; mwen kapab di timoun ki fèt isi paske premyèman, depi ou fèt isi, se Ameriken ou ye. Yo se pitit Ayisyen, men se Ameriken yo ye avan tou. Nou sipoze montre yo ke se Ameriken yo ye men yo sipoze pa bliye ke paran yo se Ayisyen epi yo gen yon fyète lè sa a. Se fyète a pou n edike yo pou yo pran, pou yo kapab leve avèk sa,

pou yo konnen nan ki mezi yo kapab pote sa antan ke yon sòt «estanda» ki kapab ede yo lè yo parèt yon kote, yo mande yo: «*Bon, orijinèlman, kote ou soti?*». Li kapab di: «*Mwen fèt Ozetazini, men paran m yo se Ayisyen; nasyonalite m se ameriken*».

E. W. VÉDRINE: Bon, pou eklèsi bagay yo, mwen pa t mansyone ke timoun yo reyèlman ap retounen Ayiti paske m konnen yo fèt sou tè ameriken men se pou ta pote yon seri konkou a Ayiti. Y ap aprann lang kreyòl la isi nan lekòl sa a tou, donk yo kapab sèvi peyi a epi tou pou an kontak ak manman peyi a, ak jèn Ayisyen ki Ayiti. Donk, mwen kwè ke m eklèsi sa epi m kwè ke nou remake sa tou. Bon, n ap kontinye tou avèk pwogram nan sou diskisyon kreyasyon *high school* Ayisyen an nan kominate a. Ann pase sou *tès* kounyeya. Nou konnen *tès* isi se yon bagay ki enpòtan, espesyalman nan *high school* kote nou se yon minorite, minorite ayisyen pa ekzant kote anpil fwa timoun sa yo pran ekzamen an, men se pa reyèlman yon sòt de ekzamen ki prepare, ki pa an favè minorite. Non sèlman anglè a pa lang yo tèlke pa ekzant elèv nan pwogram bileng nan, men tou pa gen yon sòt de preparasyon ki fèt pou ta ede elèv sa yo pran yon seri ekzamen tèlke «PSAT» avèk «SAT». M ap mande Jean-Jacques, yon edikatè ki gen anpil ide de bagay yo, si toutfwa kreyasyon lekòl sa a ta rive fèt, nan ki mezi

pwofesè yo ta kapab ede pou solisyone pwoblèm sa a depi bonè. Anvan ke timoun yo gen lide pran tès sa yo, kòman yo kapab jwenn yon sòt preparasyon?

T. JEAN-JACQUES: Bon, premye bagay pou fè, mwen ta kapab met anfaz sou «SAT I», «SAT II». Mwen kapab rele 1 konsa. Se ekzamen ki fèt inikman pou Ameriken men kòm gen Ayisyen ki fèt isi, mwen kapab di se Ameriken yo ye, men gen pwoblèm ki parèt paske lè ou bileng, ou bileng otomatikman. Nan lengwistik, Noam Chompsky di ke gen *gramè inivèsèl*, sa vle di ke vokabilè timoun ameriken an ki leve nan yon fanmi kote manman 1 ak papa 1 pale anglè konpare ak yon timoun ki gen manman 1 ak papa 1 Ayisyen, se de bagay diferan. Pa ekzanp, vokabilè sosyal timoun ameriken an pa menm jan ak timoun ki gen paran Ayisyen an. Sa vle di ke nivo anglè timoun paran ayisyen an ak nivo anglè timoun ki gen paran ameriken an se de bagay diferan. Yo devlope isi anpil teknik pou kapab konnen si yon liv bon pou yon timoun, pa ekzanp si timoun lan nan «uityèm, nevyèm, dizyèm *grade*». Pa ekzanp, yo gen yon pwosede yo itilize ki rele «read ability» (abilite pou li). Pwosede sa a, yo gendwa gade nan yon fraz pou wè konbyen mo timoun nan konnen, pou 1 konnen siyifikasyon mo a, pou kapab wè nan ki mezi timoun nan kapab itilize li. Anplis, nan tès yo bay yo, gen anpil ladan yo ki poze kesyon sa a sou kijan pou timoun nan

fonksyone nan tès la. Pa ekzanp, si tès la gen yon baz kiltirèl, si ti Ayisyen an (kwake li fèt isi), akoz esperyans ke 1 genyen men li leve nan yon kominate ayisyen. Sa vle di ke esperyans li pa reyèlman konekte ak kilti ameriken an. Donk, gen anpil esperyans ki ti Ameriken an fè ki pa menm jan ak pa ti Ayisyen an. Tès sa yo, timoun nan sipoze antrene pou pran yo. Meyè bagay pou n fè nou menm se devlope tès pa nou ke n kapab prezante bay lekòl piblik yo pou yo kapab wè nan ki mezi ke si yo bezwen bay timoun yo tès pou yo kapab konnen konpetans yo pou yo kapab itilize tès pa nou yo. Nou pa gen tès sou bileng ki pou ede elèv bileng. Se nou menm ki pou chèche wè nan ki mezi nou kapab devlope tès pou bileng yo.

E. W. VÉDRINE: Ou di devlope tès pa nou, si toutfwa pwojè sa a ta vin reyalize pa ekzanp, lekòl la ap vin kouvri anba lwa *Massachusetts* kote 1 vin entegre anba yon seri lwa pa ekzanp, sa enplike ke bon nou p ap kapab retire tès ameriken yo. Timoun yo ap patisipe ladan 1 ekzaktteman byenke pwogram sa a gen tès pou yo, tès ki prepare pa pwofesè ayisyen, men tès «SAT, PSAT» pa ekzanp, se yon seri tès jeneral kote timoun sa yo ap bezwen pran anvan yo antre nan kolèj oubyen nan inivèsite. Donk, mwen eklèsi 1 pou ou plis; mwen pa konnen si ou vle kòmante sou sa.

T. JEAN-JACQUES: Bon, pou tès sa yo, fason ke nou kapab atake yo se kreye klas pou timoun yo kote yo kapab antrene ladan yo pou yo kapab vin asimile yo, konprann yo epi pou kapab fè plis «pwen» oubyen bèl nòt lè yo pran ekzamen sa yo paske premyèman, mwen kapab di ke kiltirèlman, yo pa toutafè kowòdone ak kilti pa nou men kòm se yon bagay ki obligatwa, nou sipoze ede timoun yo, antrene yo pou kapab pran tès yo.

E. W. VÉDRINE: Sou zafè *kilti* a, nou konnen sa enpòtan byenke timoun ayisyen yo fèt isit men lè n ap gade tès anglè yo, bon, gen yon seri tès ki plis fèt mwen kapab di pou «anglo» yo; non sèlman sa, yo prepare pa pwofesyonèl anglofòn epi yo reflete plis yon kilti anglofòn. Bon, n ap pouse pou pi devan paske nou menm nou ta renmen wè bèl jèn syantis ayisyen k ap fè konpetisyon tou nan lekòl ameriken yo; se sou ide sa yo n ap travay. N ap fè yon pase sou ekzamen syans ak matematik ki trè enpòtan. Kòman ke yo ta kapab prepare timoun sa yo plis pou pran ekzamen syans ak matematik ki trè enpòtan pou «pwen» yo nan ekzamen «SAT» a?

T. JEAN-JACQUES: Bon, pou matematik, se yon bagay ke nou sipoze devlope. Nou konnen pa ekzanp depi yo kòmanse matematik avèk timoun yo nan *kindergarten*, gen etap pou timoun yo pase men etap sa yo, nou sipoze konnen ke nou fè adisyon,

soustraksyon, miltiplikasyon, divizyon, fraksyon, e nou konnen etap sa yo timoun yo pase yo nan «*Middle School*» (lekòl nivo mwayen). Yo sipoze konnen yo, metrize yo, pou kapab metrize «aljèb I, aljèb II» nòmalman. Nou konnen ke chak nivo sa yo gen yon korikilòm pou suiv. Nou konnen lekòl piblik yo genyen yon korikilòm pou «*Elementary school*» (lekòl nivo elemantè), «*Middle school*», e pou «*High School*». Sa vle di ke pwosede ke nou kapab parèt avèk li, si n ap anseye nan *High School* Ayisyen, nou sipoze konnen ke gen korikilòm sa yo ki devlope, ki nan pwogram bileng; nou gendwa tradui yo pou n konnen ke liv n ap itilize yo se menm liv avèk lekòl piblik yo oubyen nou konnen kote pwofesè yo rive nan tèl liv. Nou abòde menm sijè yo men liv ke elèv yo ap sèvi, yo sipoze bileng (anglè – kreyòl).

E. W. VÉDRINE: Bon, mwen pa konn sa Berthold kapab ajoute. Kòm ou travay ak elèv sou *matematik, chimi, syans, fizik*. N ap pale de preparasyon timoun sa yo pou pran ekzamen o nivo *High School*, mwen pa konnen si ou ka ajoute yon bagay sou sa. Kisa ou wè? Ki ide ou kapab bay?

M. BERTHOLD: Pratikman, se menm bagay la mwen di. Fò timoun nan konprann pwosede matematik la, poukisa matematik la, kijan li kapab sèvi l. Pou chimi an, ou fè timoun nan fè pratik

epi ou fè l kapab entèprete nenpòt pwoblèm nan nenpòt sikonstans. Ou antrene l pou l kapab rezoud pwoblèm, non sèlman pou l kapab idantifye pwoblèm nan men pou l kapab jwenn yon solisyon pou li tou. Alò se jan sa a ou vle antrene timoun nan pou l aprann panse.

T. JEAN-JACQUES: E non sèlman sa tou, teorèm matematik ke l absòbe nan lekòl la, se pou l kapab non sèlman konnen oubyen aprann yo pa kè, se pou l ka mete yo an(n) aplikasyon pou l wè nan ki mezi l kapab itilize yo nan lavi kouran.

M. BERTHOLD: Ekzatteman! Se sa. Aprann pa kè a, pi souvan se pou moun ki pa pale anglè ditou pou kapab kenbe tèm yo nan tèt yo. Anpil fwa, pwoblèm yo chanje. Lè moun nan fè sa li ba ou tèl bagay drèt konsa, se jis yon *prensip de baz*. Nan prensip de baz sa a, ka gen yon milyon pwoblèm ke ou kapab rezoud, itilize menm prensip la paske kondisyon yo, depi yo chanje, pwoblèm nan chanje. Kounyeya, fò ou kapab rezoud pwoblèm nan. Lè ou konn prensip fondamantal la, lè yo ba ou yon pwoblèm, se kòmsi m ta di ou se jwèt «puzzle» (mo kwaze, mo kache) oubyen yon sòt devinèt ou sipoze fè; yo gaye bagay la pou ou. Yo pa ba ou pwoblèm nan dwat, lè yo ba ou l, yo gaye l. Ou menm, w ap chèche ranje l, chèche jwenn estrikti a. Donk, ou mete timoun nan pou l kalkile tout posiblite, tout jan pwoblèm nan ka vini. Alò se yon bagay ke

nou kapab bati premyèman yon konfidans lakay timoun nan. Rezon ki fè nou bezwen yon lekòl ayisyen, se yon rezon *konfidans*. Se travay kote timoun nan ap jwenn moun ki onèt, ki sousye de li, ki reyèlman devwe pou edike l sensèman.

T. JEAN-JACQUES: Men, *konfidans* lan, ou kapab devlope l nan yon nivo ke Ameriken yo rele «surrounding» (antouraj, anviwonnan). Pa ekzanp, si ou gen pwofesè ki devwe, epi ki si de yo menm, epi yo gen konfyans nan edikasyon y ap bay timoun nan, elèv sa a ap leve tou, l ap si de li menm.

M. BERTHOLD: Se sa. Se poutèt sa nou pale de yon *High School* Ayisyen. Se pa pou di ou ke ou al aprann men nou menm, nou remake ke nan sistèm ameriken an, ti minorite a, espesyalman ti nwa a, li chaje ak pwoblèm lè li reyèlman twouble, li pa konprann bagay yo. Pwofesè a, pi souvan panse se paske l nwa a ki fè l pa ka konprann. Se yon seri ka ki konn prezante; yo konn di se paske timoun nan nwa ki fè l nil. Men lè l rive, timoun nan jwenn se yon moun tankou l k ap anseye l, k ap ba l bagay yo, ou menm tou kapab mete disiplin nan timoun lan, ou fè l suiv prensip yo, se ak konfidans sa a ou prepare l. Se pou *konfidans* lan menm nou vle fè lekòl la lè timoun nan parèt tèt li nan sosyete a pou kè l pa sote, pou l kapab santi l alèz. Mwen pa kache di ou, gen ti Ayisyen ki fè

l; apa m ale mwen fè l. Kote gen yon nèg ki fè l, gen senksan ki pa ka fè l; kwè m. Nou kapab di sa kounyeya, gen lòt moun ki ka di: «*Apa entèl ptit mwen yo ale, yo tout pase*». Non! Timoun pa ou yo gen lè se yon esepsyon; yo ba t sistèm nan men kote pa ou yo fè l ou mèt konnen gen mil timoun k ap soufri, ki ta renmen fè l men ki gen menm pwoblèm nan, yo pa ka pase l. Alò se pou timoun sa yo n ap pale nou menm pou n ka bati yon konfidans lakay yo. Menm tèm nan kounyeya, se retounen nan kominote a, mete konfidans nan timoun yo, epi antrene yo pou yo vin avoka, enjenyè, doktè, pou yo vin bati sossyete a, pou yo vin chanje faz kominote a, pou n kreye travay.

T. JEAN-JACQUES: Si pa ekzanp apre *High School*, timoun nan pa vle kontinye, nou sipoze gen yon seri konseye ki pou gide l; si se travay manyèl timoun nan bezwen, kòmsi l vle etidye «refrijerasyon», mekanik ajistay, syans ayewonotik, konseye sa a ap gide l nan tip lekòl sa yo, l ap montre l kijan pou l ranpli fòm pou resevwa èd finansyè nan men gouvènman an, fè l jwenn bous pou l kapab vin gen yon metye nan men l.

M. BERTHOLD: Gen yon lòt bagay n ap pale tou; nou pa di konsa ke tout nèg se avoka, doktè, tout nèg se pwofesè pou yo ye. Menmsi elèv la ta vle vin yon kuizinye pou l ta bati yon restoran,

men 1 ap fè 1 byen. Avan, nou te mansyone avoka, doktè, enjenyè... men tout lòt metye yo se menm bagay la tou.

E. W. VÉDRINE: Bon, se pa pou di ke n ap fè yon sòt deskriminasyon ak metye yo, men nou tèlman gen yon swaf pou n ta wè yon seri gran ti Ayisyen, gran tèt nan kominote a, donk nou ap pi lwen men se pa yon sòt deskriminasyon ant metye paske tout metye se metye. Sa depan de kisa yon moun vle ekzatteman men si n te wè Ayisyen al pi lwen, sa t ap yon fyète non sèlman pou jenerasyon lan demil lan men pou kominote a tou ak peyi Ayiti. Bon, nou te mansyone *memorize* pa ekzanp lè nou t ap diskite oubyen pale sou syans, sa fè m sonje Ayiti, kòman ke elèv yo etidye. Mwen konnen apwòch Ameriken yo diferan, donk memorize a gen kote li kapab bon, gen kote li kapab pa tèlman nan avantay timoun yo. M ap mande Jean-Jacques premyèman kòman ou kapab diskite sou *memorize* oubyen sa nou rele pi souvan *bat pakè*.

M. BERTHOLD: Bon, memorizasyon nan tout kilti, nan tout sijè gen yon pati ladan 1 ki enpòtan ke ou sipoze fè; pa ekzanp, si se nan syans ou ye, si pa ekzanp ou bezwen gen fòmil matematik, ou sipoze memorize yo pou konn fòmil lan e anplis pou kapab gen konpreyansyon kijan pou aplike li. Se aplikasyon an ke ou sipoze

konprann pou kapab konn kilè pou aplike pwosede a. Pa ekzanp, an chimi lè w ap pale de *tab peryodik*, ou sipoze kapab memorize anpil ladan yo pou konn kote yo plase e anpil, pou aplike yo nan reyakson chimik, ou sipoze kapab konprann reyakson yo. Mwen konnen ke pa ekzanp si w ap etidye lang etranje, pou kapab metrize lang nan, premye bagay ou fè, ou sipoze memorize vokabilè. Mwen kapab di ke *memorizasyon*, se premye etap li ye pou kapab konstwi sistèm mantal ou. Premyèman, se memorizasyon; dezyèmman, se *asimilasyon*; twazyèmman, se yon sòt analiz kote ou kapab pran pwosede a pou konstwi ladan li. Katriyèmman, se travay pèsonèl: ou kapab mete an plas, ou kapab ranje epi ou kapab kreye. Akoz de sa ou te aprann yo, premyèman ou *memorize*, dezyèmman ou *asimile*, ou kapab mete 1 an(n) aplikasyon; twazyèmman, ou kapab ranje sa byen pou kreye pa ou; katriyèmman, ou kapab konvèti. Mwen konn se premye etap la li ye. Memorizasyon an enpòtan men enpòtans li konparativman a kreyasyon, li trè minim men nou sipoze konnen kòmsi la a ke baz la menm, tèlke nan *kindergarten*, premye fwa lè timoun nan poko konn li, premye bagay ou montre li se ti chante. Lè 1 ap chante, se memorize li memorize. Sa vle di se premye etap la men nou pa sipoze ret la, nou sipoze al pi lwen pou timoun nan kapab kreye, pou 1 kapab konprann sa 1 ap fè epi pou 1 kapab mete 1 an pratik.

E. W. VÉDRINE: Bon, nou konnen Berthold se yon jèn syantis, donk nou menm gen defwa nou pa konnen kòman 1 pase li fè bagay yo, pou 1 gen siksè; misye fè syans konpitè, sa pa sifi, li fè filozofi ki diferan de syans konpitè, li etidye matematik e men kounyeya li asepte nan plizyè lekòl medsin. Bon Berthold se pakè ou bat pou gen tout dòz sa yo?

M. BERTHOLD: Jean-Jacques sot di yon bagay ki trè enpòtan. *Memorizasyon* an se yon kle 1 ye men kle li ye a, fò ou pa memorize yon paj. Gen yon gran diferans lè ou memorize epi pou resite san ou pa konprann. Lè m memorize yon bagay, men fò m konnen ke bagay la mwen memorize a gen yon fòma, yon estrikti. Kounyeya, rezon ki fè m memorize 1, se yon jan pou m koupe 1, fann li kat pa kat, pou m ka rekonèt estrikti yo, pou m ka fè operasyon mantal ak yo. Mwen pa pran memorizasyon an kòmsi mwen ta di ou memorize yon *fè*. Gen yon seri pwoblèm ki rezoud, pwoblèm nan gen tout eleman ladan 1 nan yon sistèm done. Men lè ou memorize pwoblèm nan, ou konn pwoblèm nan, ou rekonèt diferan eleman pwoblèm nan. Kounyeya, ou kapab fè yon analiz; tanzantan ou di bon, pwoblèm sa a divize an kat pati, mwen wè pati yo men, tanzantan ou sipoze ap ekzamine kesyon, diferan posiblite, kijan bagay yo fè vin ansanm. Ou memorize menm lè w ap mache. Ou gendwa ap mache nan lari a la a, ou p ap pale men w

ap panse epi w ap ekzamine diferan pati, koneksyon, kijan tèl pati fè konekte ak tèl pati, ou konprann? W ap di bon, kòman premye solisyon an fè avèk dezyèm pati a pou l ka ban m solisyon an? Ki rapò, kijan ou pase pou jwenn li? Depi ou fin reponn kesyon sa a, ou fin konn pwoblèm sa a, kounyeya, li fè de bagay pou ou; menm pwoblèm sa a, yo gendwa prezante l ba ou plizyè fason. Se pa annik memorize l epi pou yo pral ba ou l konsa pou vin resite l, men lefèt ou konn kijan l konekte, ou rezone sou pwoblèm nan, sou operasyon mantal yo. Li nesesè paske pa gen moun ki fè anyen san l pa memorize. Menmsi se ekri w ap ekri, se rechèch w ap fè, ou fèt pou imite dabò. San imitasyon, ou p ap ka pran libète ou.

T. JEAN-JACQUES: Sa pèmèt ou kapab reflechi sou lòt pwoblèm si l parèt sou diferan faz.

M. BERTHOLD: Se sa menm!

T. JEAN-JACQUES: Memorizasyon an se yon sòt de «tan plen» li ye pou kapab vole, rive nan lòt etap la.

M. BERTHOLD: Ekzatteman paske tout bagay de rezon, memwa jwe yon pakèt wòl ladan l. Pa ekzanp, yo ban m yon pwoblèm matematik, oswa yon pwoblèm chimi, fizik, mwen sipoze kapab

idantifye yon seri bagay ke m rekonèt. Pou rezoud yon pwoblèm, ou konn sa ou konnen; apati de sa ou konnen an, w ap chèche kisa ou pa konnen, kisa ki pa bay. Enben, si ou pa jwenn anyen ou konnen ladan l, ou p ap janm ka rezoud pwoblèm nan. Nan sans sa a, se memwa ki pou ede ou pou idantifye, se sa ou konnen w ap chèche. Sa ou konnen an, se nan memwa ou li ye. Donk, nan sans sa a, *memorizasyon* an enpòtan, li estrèmman enpòtan e si yon moun ap fè yon timoun konprann ke memorizasyon an pa enpòtan, men fò ou montre l; gen moun ki pran memorizasyon an li memorize bagay la tankou yon makak; sa rele ou *antrenman*. Ou gendwa enstwi yon chen; nan sans sa a, memorizasyon an se kòmsi ou gendwa di ou fè chen an abitwe ak bagay la. Depi ou mete l nan kondisyon an, l ap fè l men li pa ka rezoud yon pwoblèm. Non, nou memorize pou n kapab idantifye yon seri bagay, apre sa pou n kapab rezone. Jean-Jacques gentan di tout jan sa travay.

E. W. VÉDRINE: Mwen kwè ke Berthold nan kòmantè sou memorize oubyen *bat pakè* tou fè yon referans imedyatman a Ayiti kote timoun yo aprann tout bagay pa kè san yo pa kapab esplike l. Mwen pa konnen si youn nan nou ta vle kòmante sou sa, pwoblèm ke memorizasyon an oubyen bat pakè prezante pou elèv Ayiti pa ekzanz, e kòman ke nou menm nou ka eklèsi l.

T. JEAN-JACQUES: Men bat pakè Ayiti a, si ou wè timoun nan pa ka reflechi sou li, premyèman memorizasyon an se yon pwoblèm ke 1 ye pou li. Pwoblèm nan sèke premyèman, timoun nan pa metrize lang fransè a epi 1 pa genyen *elastisite* lang nan. Elastisite lang nan pa bay timoun nan aksè ladan 1; sa vle di ke timoun nan pa ka fonksyone nòmalman nan lang lan epi gen anpil bagay li pa ka fè. Si timoun nan pa konn lang lan premyèman, li sipoze memorize 1 pou 1 kapab bay li, ekzatteman yon sèl fason. Mwen kapab di ke pwoblèm sa a, nenpòt moun ka konfwonte 1 nan nenpòt milye kote 1 ap etidye nan yon dezyèm lang epi 1 pokò ka metrize lang nan. Si ou pa metrize lang nan, ou sipoze bat pakè kòrèkteman ladan 1 pou kapab resite 1. Se yon mank de metriz de lang nan ki pèmèt ou bat pakè. Gen 2 sòt de bat pakè: *gen yon pakè ou bat, ou konprann li, ou ka esplike l nan lang matènèl ou men pa tèlman gen vokabilè pou prezante sa w ap esplike a yon fason byen detèmine.* Sa vle di ke, an(n) Ayiti, timoun nan menm, li konnen ke 1 pa gen metriz lang fransè a, alò sa 1 fè, li bat bagay la *pa kè* pou 1 kapab resite 1. Si blyie yon pati ladan 1, bon 1 chire paske li pa t eseye konprann li an kreyòl pou 1 ta ka esplike 1. *Dezyèm nan, se pakè timoun nan etidye nan lang etranje a epi l chèche tout vokabilè yo nan lang matènèl la.* Alò lè 1 blyie yon mo nan pakè sa a, li kapab ranplase 1 pa yon sinonim nan lang matènèl la; fason sa

a, nou kapab di ke 1 vin natirèl pou timoun nan paske 1 ap itilize sèvo 1. Filozòf yo rele sa *lespri kritik*.

M. BERTHOLD: Lèfini, gen yon bagay nan pakè ankò, lè ou gade syans, gramè, kèlkeswa sa w ap fè a, li gen yon estrikti; li gen yon estrikti fondamantal. Se sa k fè y ap eseye fè bagay yo nan yon sans *konvansyonèl* paske nan tout *konvansyon*, gen yon estrikti ki etabli. Alò nan memorizasyon an, se konvansyon an pou chèche konnen kijan pou fè apwòch la. Menm lang nan w ap pale la a, ou oblige sonje kijan akò fèt konvansyonèlman, kijan tout moun asepte pou yo mete 1 ansanm. Ou oblige sonje bagay sa a nan yon sans men si ou pa aprann kijan pou fè akòdans avèk vèb, kijan ou pral fè konnen? Se pa yon bagay ki vin otomatikman pou ou; se yon bagay ke ou dwe memorize pou konnen. Memorizasyon sa a, se yon bagay ki inevitab. Ou konprann sa m vle di ou? Li enposib pou gen tout konesans ekri sou papye. Pa ekzanz, ou se ekritten, men ou memorize tout règ kijan pou ekri, ou konn tout bagay; nan lang w ap ekri a, ou gentan konprann li byen men gen moun ki konn lang nan, gramè 1 epi ki pa ka ekri. Nan menm kesyon syans lan tou, moun nan gendwa konnen yon seri fòmil epi 1 pa janm sot yon syantis paske gen yon pakèt jwèt pou jwe. Alò bi sa a tou pou lekòl la, se pou bay ti Ayisyen *libète* men gen yon lòt bagay ki enpòtan tou o pwendevi kiltirèl ke nou dwe mansyone nan lekòl la tou. N

ap pale de kilti ayisyèn men non sèlman sa tou, kounyeya gen reyalite de «sub-culture», kòmsi ki dominan an, nou dwe ekspoze timoun nan a li pou l etidye l tou tèlke pa ekzanp istwa mondal, istwa ewepoyen paske bagay sa yo, malgre se Ayisyen nou ye vrèman, gen lòt kote. Kouran panse nòmal yo kounyeya, si l domine se panse ewopeyen an ki domine; ou pa dwe izole timoun nan de li. Malgre nou se Ayisyen, se nan kontèks ewopeyen pou l fè tout bagay yo.

E. W. VÉDRINE: Bon, sou menm kontèks ewopeyen an, se yon pwen ki trè enpòtan pa ekzanp sitou nan ansèyman syans sosyal Ozetazini; nou wè fason ke yo anseye syans sosyal, yo toujou montre ou se Ewòp ki fè tout bagay. Sa reprezante yon sòt pwoblèm pou minorite a, entèpretasyon yon seri istwa kote yo kapab toujou montre yon sòt *enferyorite*. Donk, mwen kwè ke pwen Berthold fè a, se yon pwen ki enpòtan, non sèlman ke n ap pale de yon lekòl ayisyen pa ekzanp, men nou p ap sèlman eskli sa ke yo anseye nan lekòl ameriken yo tèlke istwa ameriken, istwa ewopeyen men, ak yon lòt fokis pou eklèsi bagay yo jan ke nou wè yo, jan ke nou konprann yo, diferan ke jan Ewopeyen an prezante yo. Mwen pa konn si nou gen yon aksantegi n ap met sou sa.

T. JEAN-JACQUES: Pa ekzanp, si w ap gade pou wè liv syans sosyal, kijan Ewopeyen an prezante istwa, kòmsi la a, li gendwa di ou ke *sosyete kòmanse* avèk *sosyete grèk*. Li pa di ou ke l kòmanse ak *sosyete ejipsyen*. Kikote Grèk yo t al aprann? Yo te chita nan lekòl, yo te aprann nan men Ejipsyen; pou pi klè, nan men Afriken, nèg. Sa vle di ke, lè blan an retire nèg nan imaj la, li montre ou ke nan kòmansman, nèg se te sovay li ye; li t ap kouri toutouni. Alò ke timoun nan menm, li pa wè kijan bagay la fèt, si se blan an vre ki pa t vle montre ou ke *sivilizasyon* an pa t kòmanse avèk nèg, li kòmanse avèk blan sèlman. Fason ke n sipoze anseye timoun nan, nou sipoze ba l istwa a jan l fèt, jan l ye. Se esperyans tout èt imen, se pa esperyans blan sèlman, se esperyans tout pèp e tout ras.

M. BERTHOLD: Epi lèfini tou, se yon pwen ki enpòtan. Enbwè ke ren kounyeya, se sa timoun nan gendwa detwi nan bagay sa a tou pou relativite ki ekziste nan bagay yo; pa gen anyen ki *fiks*, tout se *konvansyon*. Pwen depa edikasyon an, ou dwe kòmanse pa nesesèman jis pou retounen an(n) Afrik, ki Lagrès men apati de li menm pou l fè *sant relativite* a paske tout bagay otou de ou chante. Si bagay yo sot Afrik, blan an di se lakay li ke l soti, li vin chèche yon idantite, yon *prensip* pou tèt pa l pou l kanpe kòm yon pwen de depa. Donk, ou menm tou kòm moun nan sosyete a, li menm tou, se li menm ki sant *konsyans*. Se yon bèl relativite ou prezante

konsa; timoun nan tou, leson ke 1 aprann konsa a li menm, se li ki tout bagay la.

T. JEAN-JACQUES: Ou sipoze lokalize tèt ou avan ke ou ka kòmanse.

M. BERTHOLD: Ou rekonèt sa yon moun ye; se yon moun ou ye tou. Ou mete timoun nan kanpe, li rekonèt ke se yon moun li ye. Kisa yon moun ye? Apa blan an fè l. Se sa blan an fè; li elimine nwa a epi 1 kòmanse sivilizasyon avèk tèt li. Tout bagay sa yo *relatif*.

E. W. VÉDRINE: Tout pwen sa yo, tout ide sa yo trè enpòtan. Nou konnen ke *High School* isi gen yon pwogram katran pa ekzanz. Bon, mwen menm, mwen toujou ap panse a yon pwogram senkan pou ta mete yon aksantegi pou ta bay plis preparasyon pa ekzanz a ide *High School* Ayisyen sa a. Donk, m ap mande Jean-Jacques kisa ou panse, èske ou an favè yon pwogram katran oubyen senkan?

T. JEAN-JACQUES: Bon, mwen an favè yon pwogram katran men premye bagay pou nou wè, sèke n ap travay pou yon kominote ayisyen. An(n) ete lè gen vakans, ap toujou gen kou pou

ede timoun nan pou 1 kontinye paske se yon vi li ye. Lekòl la pa senpleman yon lekòl kote ou fin etidye epi ou al lakay ou, men w ap viv li. Li fè pati entegral sosyete a; sa vle di ke ou itilize 1 kòm yon sòt *boukliye* ki pou pèmèt timoun nan avanse nan sosyete ameriken an.

E. W. VÉDRINE: An palan de *korikilòm* Jean-Jacques, donk ide sa a nou konnen ke n ap eseye travay pou solisyone pwoblèm fleksibilite korikilòm ak ide nou oubyen nan fason ke li kapab posib pa ekzanp, donk nan ide pa ou, kisa ou panse, èske 1 posib pou tout elèv yo ta suiv yon sèl korikilòm?

T. JEAN-JACQUES: Bon, nou konnen premyèman, elèv ke nou pral rankontre yo pou lekòl *High School* la, yo pa gen menm nivo edikasyon nan kòmansman. Sa vle di ke se pa tout elèv ki pral rive nan menm nivo. Nou sipoze gen twa pati. Nou kapab pran yo, mete pa ekzanp elèv ki pi avanse yo, elèv ki a mwatye e elèv ki senpleman yon jan pi lan pou n kòmanse avè yo afenke nou kapab gide yo pou nou ba yo yon sòt de baz ki byen estriktire, pou n kapab kontinye avèk yo. Nòmalman, nou sipoze ba yo yon pwogram ki pou fè yo rekonèt ke yo resevwa yon fòmasyon *High School*. Premyèman, korikilòm nou pral itilize a, li sipoze egal e an

menm tan siperyè. Yon pati ladan ap egal, yon pati ap siperyè ke nivo lekòl piblik Boston yo oubyen nan *Massachusetts*.

E. W. VÉDRINE: Berthold, ki kòmantè ou gen sou sa? Nou konnen ou toujou la, ou ta renmen pi bèl bagay, ou menm jèn syantis ki toujou ap voye bèl ide monte.

M. BERTHOLD: Definitivman, fò nou siperyè! S am antann pa «siperyè», sèke nou suiv menm pwogram yo bay la. Lè m di siperyè a, tout slèv nou yo ap asimile 1 byen; yo pran 1 e yo pran 1 tout bon vre. Se nan sans sa a ke m di n ap siperyè a. Apre sa tou, puiske se yon bagay ki santre sou Ayisyen, nou panse chak elèv ka gen pwoblèm pa yo.

T. JEAN-JACQUES: Premye pwomosyon an, l ap yon jan difisil; sa vle di ke nou sipoze mete yo siperyè oubyen egal ak fòmasyon piblik la paske pa ekzanp, nou kapab gen on seri ke si yo te rete nan lekòl piblik, yo ta gendwa pa gradye *High School*. Sa vle di ke nou sipoze pran tout sa an konsiderasyon.

M. BERTHOLD: Ekzatteman! Chak elèv gen pwoblèm pa yo; sètadi, w ap pran chak moun endividyèlman, ou eseye konprann

pwoblèm li pou rezou li. Depi yo pa malad nan tèt, yo tout ka aprann.

T. JEAN-JACQUES: Si ou wè l pa ka aprann, se yon pwoblèm ki te genyen oubyen ke fason ke yo anseye l la pa toutafè apwopriye a elèv sa a.

M. BERTHOLD: Yo tout kapab aprann. Donk, n ap eseye fè tout sa ki posib pou n rezoud pwoblèm endividylèl elèv la, pou n mete l nan yon nivo pou l ka aprann e konprann bagay yo. Apre sa, gen motivasyon pèsonèl tou. Gen elèv ou ekspose a bagay la, li konprann li, li fè devwa fasil; genyen tou ki vle pèdi tèt yo ladan l nèt. Sa toujou ekziste; yo tout pa egal nan yon sans; chak gen motivasyon pa yo. Sa k pi enpòtan an, depi yon moun pase nan *High School* sa a, nou vle ke l se yon moun ki konn panse, yon moun ki konn ekri, ki konn konte, yon moun ki konn rezone. Se yon bagay ki enpòtan; menmsi l pa vle kontinye kolèj, men se yon moun k ap ka fè yon analiz mantal.

T. JEAN-JACQUES: Espri kritik li sipoze trè avanse.

E. W. VÉDRINE: Bon, Berthold nou konnen ke ou se yon jèn syantis epitou yon fiti medsen nan kominate a, lè n ap gade pa

ekzanp, gen yon seri jèn elèv ayisyen ki ta gen ide pou fè yon karyè medikal oubyen yon karyè ki kapab an rapò ak syans. Nou p ap pale sèlman de elèv ki kapab non sèlman nan *High School* ki nan tèt nou an, men elèv ki kapab nan pwogram Bileng Ayisyen oubyen nan kolèj, pwoblèm ke y ap konfwonte, yo ta renmen fè yon karyè syans men gen yon sòt de *mankman*. Kòman ou kapab kòmanse sou sa oubyen ki sijesyon ou te kapab bay pou ba yo yon sòt de preparasyon?

M. BERTHOLD: Mwen kwè ke se yon kesyon *mete tèt ansanm*. Okontrè, mwen menm, nan kèlkeswa lekòl medsin mwen vle antre a, mwen te kòmanse ap sanble kòb pou ta ouvè yon sant pou «turoring service» (monitè k ap ede elèv) kote m ap pran ti Ayisyen ki nan High School ki bezwen matematik, chimi, biyoloji ki bezwen pale tou sou yon seri pwoblèm. Si reyèlman m gen tan kòmanse pwojè sa a epi m wè l yon jan gen siksè, mwen wè gen moun ki enterese, mwen ta pito chwazi yon lekòl medsin nan *Massachusetts* pou m kapab pre ak kominate ayisyen an. Non sèlman se nan kominate Boston an mwen evolye, men se la ke m gen ti aktivite sosyal, se la m ta toujou rete. Lèfini mwen ta gen samdi ak dimanch pou m ta reyini pou kapab gide timoun yo, montre yo ki mwayen yo kapab pase pou akonpli rèv yo. Nou konnen ke gen plizyè chemen. Pa ekzanp, elèv la di ke l ta renmen

fè medsin men li kapab manke yon seri preparasyon; sa pa vle di ke 1 pa ka fè 1 si 1 chèche konn kisa 1 dwe fè pou kapab ranpli sa ke 1 manke a. Sa ka pran elèv la ennan; apre sa 1 kontinye. Nan syans lan sitou, se yon kesyon de *kominikasyon*. Blan an te gen rezon lè 1 te di m syans lan se yon «brotherhood»; vrèman, fò ou gen kominikasyon paske lè ou pou kont ou, w ap fè rechèch, fò ou gen lòt moun paske gen bagay ou pa wè. Gen bagay w ap fè rechèch sou li, ou gendwa pa wè 1 epi yon lòt moun vin eklèsi ou sou yon pakèt pwen. Ou bezwen sipò, koneksyon, ou bezwen pou youn ap sipòte lòt, pou n ap fè demonstrasyon. Alò mwen menm, sa m ta renmen fè, mwen ta renmen gen ti nèg, ti nèg ki nan *High School* pou m travay ak yo epi lè y al nan kolèj pou yo parèt sou tablo pou rezoud pwoblèm devan klas la, lè gen yon diskisyon k ap fèt, yo konn kijan pou yo prezante agiman yo trè byen. Se sa k fè m chwazi *karyè medikal* la paske m wè nan yon fason se yon karyè ki ka ban m plis endependans. Tout dòz entelektyèl ke n pran yo, si nou pa transmèt yo, depi nou ale yo pèdi.

E. W. VÉDRINE: Nan menm ide Berthold yo, mwen remake yon *mank inyon* pa ekzanp lè n ap gade sèten kominote oubyen sèten gwoup etnik, kòman ke yo mete tèt ansanm pou solisyone yon seri de pwoblèm. Donk, m ap mande èske n pa wè ke *mank inyon* an se youn nan gwo pwoblèm pou etidyan ayisyen yo ki fè yo pa

pwogrese pa ekzanz paske travay ansanm nan, mwen kwè li estrèmman enpòtan sitou pou syans kote fò ou toujou travay an gwoup oubyen sa yo rele «brotherhood» pou vin reyisi.

T. JEAN-JACQUES: Bon, mwen kapab di ke travay an gwoup la se yon bagay pou devlope depi nan piti; ou ekspoze l pou l kapab travay an gwoup. Pa ekzanz, si w ap di moun pa travay ansanm, moun pa pale ak moun, sa pèmèt pou timoun nan devlope yon sòt *endividyalite* lakay li; li vin wè konpetisyon, yon konpetisyon chen manje chen oubyen *agoye* (a mwen sèl), epi l fini; li pa travay ak moun. Men si ou devlope yo, ou fè timoun yo travay ansanm epi gen *isi* (kesyon) ke w ap debat depi timoun lan nan nivo elemantè oubyen nan nivo segondè, «Middle School» oswa «High School». Timoun nan travay ansanm epi l ap debat sijè pa ekzanz. Ou gendwa li yon istwa epi ou fè yo travay ansanm pou yo kapab devlope kesyon epi pou reponn, debat yo. Sa kapab pèmèt timoun nan pou l travay ansanm epi pou l wè ki avantay ki genyen pou l ap travay ansanm. Sa, mwen kapab di ke nan lekòl Ayiti, nou pa ekspoze nan bagay sa yo. Nou tande pale de *lespri kritik*, men premyèman nan lekòl, nou pa toutafè travay sou sa epi timoun nan pa aplike l. Sa vle di ke gen yon mank de travay ki ta sipoze fèt; pa ekzanz, nan vye koutim lakay, gen moun ki konn panse si timoun yo travay ansanm, timoun nan gendwa gen manman l ki moute

plim pa ekzanp, bagay nou konnen ke se *mit* yo ye. Alò m ta renmen lè timoun yo isi, nou montre yo *positivite* ki genyen lè timoun travay ansanm. Lè ou travay ansanm, ou genyen anpil nan konesans. Konesans lan vin ogmante paske ou pataje ide avèk lòt moun, jan ou wè bagay la epi enfliyans lòt moun tou ki ede ou wè bagay yo, pou wè yo pi klè.

E. W. VÉDRINE: Bon, mwen kwè ke Berthold ap ajoute yon aksantegi sou sa ke Jean-Jacques soti di a.

M. BERTHOLD: Wi, se yon pwoblèm endividyle li ye tankou m ta di ou toujou gen yon konpetisyon pou yon kesyon «pi entelijan»; mwen pi entelijan ke misye. Ou konprann? Se yon seri tèm ki toujou kreye *ambigite*. O pwendevi teyorik, o pwendevi pataje ide yo, li pi fasil pou fè yo paske sa l pral jenere a, se yon bagay pèsonèl paske chak moun ap travay ansanm, chak moun ap eritye, pran yon bagay diferan, chak moun ap gen yon entèpretasyon; alafen, chak moun ap gen yon metòd diferan; yon sèl bagay, yo kominike youn ak lòt. Men sa w ap di a, li reyèlman ekziste nan kominote ayisyen an; menm paran leve timoun nan konsa. Bon, pa gen anyen mal nan sa paske fò timoun nan kwè nan tèt li men an menm tan, gen yon fason pou kapab kominike ide yo yon fason pou aprann plis. Ou konprann? Paske nosyon entelijans lan, moun

nan toujou vle fè konnen ke l pi entelijan ke misye; moun nan toujou vle fè konnen kòmsi l pa vle konprann ke si misye ki montre l kijan pou l fè l. Mwen atribye li paske moun nan poko konprann syans byen; li poko gen yon ide kisa syantis fè; li poko konn kijan moun aprann epi l poko konn kisa on moun kapab tire de sa l aprann nan. Sa se yon pwoblèm iyorans e se sa k fè m toujou kòmanse avèk *premis* sa a. Premis la, kòmsi m ta di ou, mwen toujou nan iyorans, mwen bezwen eklèsisman. Men eklèsisman an, se yon moun ki pou fè ou wè l pi souvan lakay ou epi malgre moun nan eklèsi ou nan fason pa ou, men ou toujou gen bagay pa ou. Si toutfwa gen nèg ki gen bòn volonte, e m kwè genyen ki konprann bagay yo paske lè ou soti nan kav la, ou kòmanse wè ti myèl, ou jete tout pwoblèm sa yo. Toutotan ke ou gen pwoblèm sa a lakay ou toujou, ou mèt goumen, ou mèt konnen ke ou nan fènwa toujou. Pa panse ou se yon mistè nan monn nan, pa panse ke ou se yon moun ki izole; ou nan yon sistèm, non sèlman ou gen endividyalite ou ladan men gen yon seri baz esansyèl ki enpòtan. Si ou konnen ou ka vyole tout lwa sa yo, bòn chans, babay. Men si ou panse ke bagay yo se yon *sentèz* yo ye, tout moun dwe met tèt ansanm, tout moun dwe pataje yo, lè sa a ou kòmanse rive nan nivo pou kòmanse konprann yon bagay paske pifò moun, kèlkeswa moun nan, mwen menm k ap pale ak ou la a, mwen se yon nèg ki te trè *egoyis*. Egoyis la, se pa pou di ou se

mwen ki vle sa, men se yon endividyèl mwen ye; tout sa m ap fè se pou siviv; ou pa ta renmen yon moun pran sa ou genyen an men, ou rive nan yon pwen fòk ou rezone. Tout moun gen santiman sa a lakay yo men se sa k fè m di ou lè moun nan fè yon seri esperyans, li vin reyalize ke se yon bagay lakay li pou l konbat. Se yon bagay ki ne lakay ou men nou menm kòm nou gen *rezon*, avèk rezon an, nou kòmantre l. Bon, se sa k fè m te chwazi, mwen di m ap kòmanse bagay la konsa men m kwè gen nèg k ap parèt nòmalman. Gen de lè mwen konn tèlman wè bagay yo klè, gen yon lòt moman tou ou mèt tiye m mwen pa ka wè sa m ap fè a. Donk, fò gen yon moun pou pataje bagay yo. Si l te konsa, pa t ap gen sans nan filozofi; se yon sèl matematisyen ki ta genyen. Ou pa tandem yo pale misye se filozòf sesi, yo pale ou de Aristòt, yo pale ou de Platon. Tout nèg sa yo konn menm bagay la men tout oryante yo nan yon sans diferan. Nèg sa yo kreye lekòl yo, yon pakèt nèg reyini men lè tout nèg sa yo soti, chak fè aplikasyon pa yo men yo tout te met ansanm pou diskite sou yon seri pwen. Nou menm, nou pa vle fè l; se sa k kenbe nou an reta plis, minorite a. Gade yon seri gwoup etnik pa ekzanp, se sa k fè yo domine lemonn; yo toujou egoyis wi, men gen yon seri baz esansyèl yo poze. Gen yon seri baz esansyèl, baz teyorik sa yo ke n sipoze travay epi lè ou parèt devan nèg la, pa di se ou pi konnen, se ou ki pa konnen. Kisa? Mwen menm, se montre m ap montre ou yon bagay ke m te aprann. Mwen pokon

kreye anyen; lè m pa vle ou konnen 1 lan, men pwoblèm nan fèt epi 1 rezoud deja. Ou gendwa al yon lòt kote ou al aprann li. Koute byen, si pa ekzanz mwen parèt mwen ekri yon liv, mwen gendwa pa vle ba ou 1 paske se devlopman pèsonèl pa m men si m ap parèt ak yon liv, kòmsi liv matematik pou n travay, solisyon an yon kote la a. Si misye gen volonte, li gendwa parèt li al chèche 1 epi 1 fè 1.

T. JEAN-JACQUES: Si moun nan sèlman se rezulta a li bezwen, li pa jwenn mach a suiv yo, li bezwen yon moun pou 1 kapab kominike, pou 1 kapab travay ak li.

M. BERTHOLD: Ekzatteman! Ayisyen an li menm, li pa panse ke pou yon pwoblèm rezoud la, si ou konn kijan yo fè 1, ou kapab fè 1 depi ou vle men si pa ekzanz mwen fè yon rechèch endividiyèl ki pokò fèt ditou, mwen pa ka mande ou pou ban mwen 1. Se yon bagay ki enkonsyan paske se yon bagay ki pran tan, ki pran anpil esperyans, se yon bagay pèsonèl ke 1 ye. Fò m ta pibliye 1 dabò epi pou m ta pataje 1 ak ou pou m pran kredi a.

T. JEAN-JACQUES: Men Ayisyen an li menm li vle ou ba li rezulta a epi 1 di: «Sa a se pou mwen» san 1 pa ka esplike 1.

M. BERTHOLD: Enben, se sa k fè yo pa ka aprann nan wi. M ap di monchè ou fè yon erè. Mwen t ap travay ak yon nèg konsa, misye ap fè lajan; mwen di misye: kèt nou gen yon pwoblèm la a; nou pa gen menm motivasyon. Sa k fè chwazi travay avè ou, se paske pèsonèlman mwen wè ke l ap ede nou toulede. Sa n ap fè yo la a, se pa mwen k ap envante l, se pa k ap envante l; li déjà envante déjà men nou sipoze travay pou kapab gen woutin nan. Moun nan menm panse ke l pi entelijan pase ou. Non, mwen ka aprann li tou. Bagay yo la déjà, pwoblèm nan rezoud déjà. Pwoblèm ki enpòtan an, se sa ki pokò rezoud ditou a. Se lè sa a mwen p ap ba ou l; mwen p ap ba ou l paske se bagay pèsonèl mwen.

E. W. VÉDRINE: Lòt bagay ke m pa t diskite sou kreyasyon lekòl la, se «finans». Depi w ap pale de lekòl prive, paran Ayisyen toujou panse se yon dal lajan yo bezwen. Mwen pa vle bay yon ide ke sa pral eskli yon seri paran ki pa gen ase finans pou timoun yo.

T. JEAN-JACQUES: Bon, paran yo, sa y ap fè, lekòl la ap la a dispozisyon yo pou fè ranpli fòm *èd finansyè* ki kapab fè timoun nan peye lekòl la chak ane. E ap gen yon konseye la ki pou ede paran yo ranpli fòm yo pou l kapab mande eta a lajan pou timoun nan kapab peye pou ane li lekòl la.

E. W. VÉDRINE: Bon, afè *finans* lan enpòtan tou. Anpil elèv, se youn nan dout yo genyen lè yo vle al nan kolèj. Nou p ap pale sèlman sou ide kreyasyon *High School* sa a, men diskite tou sou elèv Ayisyen ki kapab nan yon pwogram bileng oubyen k ap antre nan kolèj pa ekzanz, Jean-Jacques oubyen Berthold, nou menm ki gen esperyans sa yo, kisa nou kapab bay, ki sous ki genyen pou timoun yo jwenn yon seri enfòmasyon? Pafwa, bagay yo la, yo kache, yo pa gen aksè pou jwenn enfòmasyon sa yo. Donk, nou menm ki nan kominote a, ki fè yon seri esperyans tou, kòman nou menm n ap eseye ede yo pa ekzanz, eklèsi yon seri bagay ki kapab ede yo?

M. BERTHOLD: Sa depan premyèman de *background* timoun nan ekonomikman, sa 1 ka fè, sa ke paran 1 ka fè e sa 1 pa genyen ditou. Sa depan de timoun nan tou selon entelijans li, kote li ka mennen 1. De tout fason, n ap toujou kapab anbranche timoun nan, n ap gen tout enfòmasyon disponib pou n kapab oryante 1 nan fason ke 1 kapab kontan ekonomikman paske ou konnen sistèm ameriken an se yon sistèm kapitalis jan 1 bati a. Menmsi gen de kote ou kapab ale, kote ki ba ou èd finansyè, gen kote tou, fòk ou pran anpil «loan» (prete lajan labank). Alò sa depan; si paran timoun nan ka fè yon seri de kontribisyon, ou ka sijere pou al nan

yon seri lekòl, men si l pa kapab tou... paske objektif la li menm, se pou timoun nan gen yon bon edikasyon, kèlkeswa kote l ale a pou l reyalize bi ke l te gen nan tèt li a. Natirèlman, se sa. Mwen pa konn si Jean-Jacques li menm ap di kèk bagay sou sa.

T. JEAN-JACQUES: Bon, konsènan ale nan kolèj, se yon sijè ke nou te debat déjà. Nou pale de tout bagay sa yo déjà nan televizyon. Men m panse ke pwoblèm sa a se yon pwoblèm ke n kapab adrese avèk timoun yo nan lekòl la menm. Pa ekzamp, y ap gen video pou gade, paran yo ap konnen ke nou gen pwofesè Ayisyen yo a dispozisyon ki pou fè yo ranpli fòm èd finansyè yo pou si yo pa an mezi pou peye *High School* la, sa ap ede yo. Nan menm pwosedi a tou, kòm paran an ap la, y ap montre yo tou ki fason y ap kapab fè pou al nan bibliyotèk pou chèche *scholarship* (bousdetid) epi ki enstitisyon k ap bay li pou timoun nan kapab genyen tout bagay sa yo a dispozisyon yo pou pèmèt yo al nan kolèj.

E. W. VÉDRINE: Se te yon plezi pou nou touletwa te rankontre pou diskite sou yon seri bagay ki enpòtan pou kominote a tèlke kreyasyon yon *High School* pa ekzamp. Donk, se ide, se rèv nou pou bagay yo ta kapab reyalize. Gen lòt moun nan kominote a tou ki panse ke se yon bèle ide tou pou nou ta kapab mete ansanm. Nou

p ap pale de nou twa a sèlman. Pafwa, lè nou di *nou*, gen moun ki kapab entèprete 1 kòmsi se nou twa a ki sèlman ta vle pran sa an chaj men nou menm, nou refere a tout kominote a lè nou di *nou*. Nou premye vini ak ide a. Lè nou di *nou*, se responsabilite tout kominote a pou n eseye travay ansanm. Nou wè ke si nou pa travay ansanm, donk pa gen avni pou kominote a; pa gen avni pou ti Ayisyen ki fèt isi. Donk nou menm Ayisyen, fòk nou eseye pran bagay nou an men. Nou pa ka tann moun ap ban nou toutan, k ap di n men sa pou n fè. Li lè pou nou mete tèt ansanm, pou kòmanse travay tou. Mwen pa konnen si nou menm nou gen yon dènye mo ke n kapab pote a sa ke m di a.

T. JEAN-JACQUES: Bon, bi esansyèl miting sa a ke n vin fè a, se pou reyalizasyon yon lekòl privé. Mwen konnen ke sa kapab fè nou abouti a anpil solisyon pou pwoblèm ke anpil ti Ayisyen ap konfwonte nan sistèm sosyete ameriken an. Mwen konnen ke sosyete nou an pa totalman fonksyone nan yon fason pou rezoud pwoblèm tout Ayisyen ak paran tou. Si nou menm antan ke volontè, nou mete tèt ansanm, nou vle e nou konnen ke gen lòt Ayisyen ke nou pa konnen, lè nou fin pibliye chita tandem sa a, pwochènman, nou kapab parèt nan televizyon pou adrese pwoblèm sa a epi pou fè konnen ide ke n ta renmen lekòl la. Mwen konnen ke tout lekòl, tout gwoup etnik te prepare isi nan *Massachusetts*

afenke yo te kapab fè yon pese nan sisyete ameriken an. Pa ekzanp, mwen te mansyone *Boston College High School* ke yo te konstwi nan fason sa a pou te pèmèt Ilandè yo antre pou te kapab fè yon pèse ekonomikman, politikman, sosyalman e entelektyèlman nan sisyete ameriken an. Alò kounyeya, m kapab di yo reyisi paske genyen ki rive prezidan, ki rive senatè, gwo politisyen Ozetazini. Alò, m panse ke timoun Ayisyen ki fèt isi, ki leve isi e ki evolye isi. Meyè bagay ke n kapab ba yo, se yon bon edikasyon. Mwen konnen ke mwen 100% konsyan ke l ap sòti nan pwofesyonèl Ayisyen ki etidye, ki kalifye nan plizyè domèn. Meyè bagay ke nou kapab fè se pou n kapab itilize resous sa a ke nou genyen nan kominote nou an.

E. W. VÉDRINE: Bon, n ap pran yon dènye mo nan men Berthold tou ki bay bél ide, yon jèn syantis ki pral itilize konesans li nan kominote a demen e nou swete Berthold bòn chans nan etid medikal li. Donk, Berthold, n ap tann yon dènye mo nan men ou pou pwojè sa a ke nou anvizaje a.

M. BERTHOLD: Jisteman, Jean-Jacques sot fè yon bél konklyzon. Se sa m te anvi di tou. Sa m ka di pèsonèlman, sèke mwen dispoze ede kominike a mete tout espéryans pa mwen o

sèvis li, avèk lòt jenerasyon k ap vini dèyè. Se youn nan rèv ke m ta renmen reyalize paske m kwè ke gen anpil bagay ke nou ka ofri.

E. W. VÉDRINE: Ankò, se Védrine ki gen kèk tan nan kominote a; mwen ta toujou renmen bèl bagay nan kominote a k ap ede tout moun. Mwen sousye anpil de jèn yo k ap leve e kisa yo kapab fè pou kenbe kominote a, kisa yo kapab fè pou pote konkou bay Ayiti, kisa n kapab fè pou n ede jèn yo nan lan 2000? Nan menm ide sa yo tou, nou pa eskli oken moun ki kapab bay konsèy oubyen pran ide sa yo, ale ak yo pi lwen, kolabore pou kapab gen yon bagay konkrè pa ekzanp. Mwen swete ke tout rèv sa yo kapab reyalize nan kominote a si nou tout eseye travay ansanm. Sèl fason nou kapab gen reyèlman fòs, se lè nou ini.

(fen)